



Eta Massachusetts la

Komite sou Plasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèji yo

Rekòmandasyon pou Gouvènè Maura Healey
sou Amelyorasyon Politik Plasman ak Otorizasyon pou Enfrastrikti Enèji yo

29 mas 2024

Lis sijè yo

ENTWODIKSYON	5
REKÒMANDASYON YO	8
A. AMELYORASYON INIVÈSÈL YO	8
1. Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp.....	8
2. Rezime sou Diferan Tip Enfrastrikti Enèji Pwòp yo	9
3. Chanjman nan Pwosesis Otorizasyon ki Anba Jirisdiksyon EFSB a (Pèmi Konsolide).....	10
a. Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Anba Jirisdiksyon EFSB a.....	10
b. Standa EFSB yo pou Evalyasyon Pwojè ki Anba Jirisdiksyon EFSB yo	11
c. Pwosesis EFSB Revize a.....	13
d. Jesyon Liy Datant EFSB a.....	16
e. Sipò Finansye pou Entèvenan yo	16
f. Pèmi Konsolide Rejyonal ak Eta yo pou Pwojè ki Pa Anba Jirisdiksyon EFSB yo	16
4. Chanjman nan Pwosesis Pèmi Lokal pou Pwojè ki Pa Anba Jirisdiksyon EFSB yo (Pèmi Lokal Konsolide)	17
a. Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Pa Anba Jirisdiksyon EFSB a.....	17
b. Divizyon DOER pou Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo	18
c. Standa Eta yo pou Evalyasyon Lokal.....	18
d. Pwosesis Pèmi Lokal Revize	20
5. Chanjman nan Komite Plasman Sant Enèji yo (EFSB)	21
a. Manda Lejislatif EFSB a.....	21
b. Konpozisyon Komite Plasman Sant Enèji yo	21
c. Anplwaye, Fon, ak Fre yo.....	22
d. Biwo Angajman Kominote a	23
6. Wòl MEPA Jwe nan Bay Pèmi	23
B. PLASMAN AN	24
C. REKIZ ANVAN APLIKASYON AN DEPOZE POU SANT ENÈJI KI ANBA JIRISDIKSYON EFSB YO	24
D. AMELYORASYON SIPLIMANTÈ YO.....	26
1. Amelyorasyon ki Gen Rapò ak Lejislasyon	26
a. Ekstansyon pou Pèmi yo	26
b. Amelyorasyon Pwosesis Fè Apèl la.....	26
c. Elizibilite Stokaj Enèji pou Sètifika EFSB	26
d. Klarifikasyon sou Otorizasyon DPU pou Liy Tranzmisyon yo.....	27
2. Amelyorasyon ki Pa Gen Rapò ak Lejislasyon	27
a. Edikasyon Piblik Atravè Tout Eta a	27

b.	Modèl Règ Zonaj yo	27
c.	Evalyasyon sou Politik Bri MassDEP la.....	28
d.	Sipò Teknik.....	28
e.	Akò Benefis Kominote yo.....	28
f.	Kritè pou Deziyasyon Kominote Vèt.....	28
g.	Kanopi Solè yo	28
h.	Evalyasyon DPU/Pwosesis Apwobasyon pou Koneksyon yo.....	29
i.	Evalyasyon sou Amelyorasyon Pwosesis Plasman ak Otorizasyon yo nan 2030.....	29
E.	PWOSESIS TABLI RÈG YO	29
	APENDIS A: VÒT AK KÒMANTÈ MANM KOMITE YO	31
	APENDIS B: PATISIPAN YO.....	Error! Bookmark not defined.

LÈT SEKRETÈ A

Depi lontan, Massachusetts ap pran devan nan peyi a nan lit kriz klima a. Grasa Akò Solisyon pou Rechofman Planèt la (“Global Warming Solutions Act”), lwa Strateji Klima a 2021 (“2021 Climate Roadmap”), ak devlopman Plan Klima ak Enèji Pwòp yo (“Climate and Clean Energy Plans, oswa CECP”), Massachusetts gentan tabli yon seri gwo objektif pou redui kabòn e li gen yon plan konplè pou l atenn objektif sa yo.

Nou konnen pou n atenn objektif emisyon nou yo, Eta a pral bezwen bati sant enèji pwòp yo pi rapid pase sa y ap fè kounye a. Anmenmtan, nou pral oblije agrandi e fè renovasyon sou sistèm transmisyon ak distribisyon nou yo pou n ka jere plis kouran ki soti nan sant enèji sa yo ak plis demann ki gen pou elektrisite.

Aprezan, gen anpil obstak ki kapab ralanti pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo, san wete plizyè pwosesis pou jwenn pèmi ak pwosesis fè apèl ki pran anpil tan, e pafwa ki pa menm nesèsè. Anmenmtan, rezidan yo santi angajman sponso sant enèji sa yo pa sifi oswa pa efikas, sitou pou kominote defavorize yo ki gen istwa soufri poutèt yo viv nan zòn ki gen enfrastrikti enèji. Anplis de sa, pwosesis plasman ak otorizasyon yo souvan pa mache ak objektif Eta a genyen pou redui emisyon yo oswa ak objektif klima li yo, ni yo pa mache ak objektif li gen an rapò ak fason yo sèvi ak tèren an.

Pou konbat difikilte sa yo, Gouvènè Healey te tabli Komite sou Plasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèji yo (Komite), pa mwayen Lòd Egzekitif 620, pou fè rekòmandasyon sou kòman yo ka amelyore lwa, règ, ak administrasyon an pou redui kantite tan sa pran pou jwenn pèmi, pou asire gen bonjan angajman ak kominote yo e ke kominote yo kapab pataje pwennvi pa yo konsènan plasman ak otorizasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, e pou pataje benefis tranzisyon enèji pwòp yo san patipri.

Nou apresye tout manm Komite a yo, ki reprezante divès pwennvi ki gen ladan yo gouvènman minisipal, itilite, òganizasyon k ap devlope enèji pwòp, travayè, biznis, moun k ap defann anviwònman an, ak popilasyon jistis anviwònman yo, pou tout travay di yo te fè pandan dènye mwa ki sot pase yo. Yo te travay di pou konprann difikilte ak pwennvi konplike ki egziste yo, ak pou devlope solisyon pou pwoblèm enpòtan sa a, e chèche gen tèt ansanm sou solisyon sa yo. Epitou, nou vle di mèsè anpil a tout moun ki enplike ak manm piblik yo ki te ede nou pandan pwosesis sa a.

Mwen fyè pou m prezante rapò Komite a, ki detaye rekòmandasyon li yo pou amelyore pwosesis plasman ak otorizasyon pou enfrastrikti enèji pwòp yo, pou asire moun k ap devlope pwojè yo konnen konbyen tan pwosesis la ap pran, pou ajoute yon obligasyon pou angajman ak kominote a pou premye fwa, e pou enkòpore diskisyon konsènan si chak sit apwopriye pou devlopman enèji pwòp yo.

Rekòmandasyon sa yo pral jwe yon wòl enpòtan anpil nan gide Administrasyon Healey-Driscoll ak Lejislati Massachusetts la nan efò y ap fè pou retire obstak devan devlopman enèji pwòp ki fyab yo.



Michael R. Judge

Sekretè Enèji e Prezidan Komite sou Plasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèji yo
Biwo Egzekitif Massachusetts pou Afè Enèji ak Anviwònman yo

ENTWODIKSYON

Gouvènè Maura Healey te tabli Komite sou Plasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèji yo (Komite a)¹ sou dat 26 septanm 2023. Li te fè sa pou retire obstak devan devlopman enfrastrikti enèji pwòp ki fyab e ki pa pran twòp tan yo, e pou l atenn objektif emisyon gaz tèmik yo (GHG) ki detaye nan Plan Enèji Pwòp ak Klima yo (CECP). Pi presizeman, Eta a detèmine pou l atenn zewo emisyon gaz tèmik total, avèk 85% mwens emisyon gaz tèmik lè w konpare nivo ki te gen nan ane 1990 avèk nivo ki pral gen nan ane 2050.

Gen yon bon gwoup lidè ki divès e ki reprezante plizyè sektè enèji pwòp yo ki fòmè Komite a. Sa gen ladan l manm ki reprezante sektè tankou travayè, jistis anviwònman, devlopman ekonomik, lojman ak lavant pwopriyete, pwoteksyon anviwònman ak izaj tè, agrikilti, gouvènman lokal, itilite elektrik, ak endistri enèji pwòp la. Yo te mande Komite a bay Gouvènè konsèy sou fason yo ka redui kantite tan sa pran pou jwenn yon pèmi, e konsa, akselere devlopman enfrastrikti enèji pwòp yo; fason yo ka fè l pi fasil pou kominote yo bay pwennvi pa yo sou plasman ak otorizasyon enfrastrikti enèji pwòp yo; ak asire benefis tranzisyon enèji pwòp la yo pataje san patipri pami rezidan Eta yo. Gen yon lis konplè manm Komite yo nan Apendis B (paj 74).

ETA AKTYÈL LA

Grasa Akò Solisyon pou Rechofman Planèt la,² lwa Strateji Klima a 2021,³ ak devlopman CECP yo pou 2025/2030 ak 2050, Massachusetts tabli yon objektif agresif pou redui kabòn, kritè jistis anviwònman ki robis, ak rekiz pou bonjan patisipasyon piblik. Pi gwo strateji yo genyen pou atenn objektif emisyon sa yo se pou yo fè konvèsyon elektrik toupatou nan sektè transpò ak sektè bilding yo, toutpandan yo kontinye redui kabòn nan sektè elektrisite Eta a. Konvèti gwo sektè ekonomi a pou sèvi l ak enèji elektrik ap mande yo pwodui plis elektrisite. Pa egzanp, yo prevwa demann elektrisite pou chofaj kay ap ogmante pa yon faktè 17 a 19 ant 2023 a 2032.⁴ Yo prevwa demann elektrisite pou chaje machin elektrik ap ogmante pa yon faktè 13 anvan 2030.⁵ Pou konble demann sa yo avèk enèji pwòp, yo prevwa Eta a pral bezwen de fwa kantite elektrisite li gen kounye a ki soti nan panno solè, li pral bezwen enstale 3,200 MW (megawat) enèji van, e enstale plis pase 2,500 MW stokaj kouran adisyonèl anvan 2030.^{6,7} CECP pou 2025/2030 lan tou mande pou yo ogmante kantite tè ak dlo (san wete wetlands marekaj) ki poko devlope yo yo pral konsève yon fason pèmanan, pou l rive nan omwen 30% anvan 2030.⁸ Yo pral bezwen plis enfrastrikti elektrik pou jere plis demann ak plis kapasite elektrik sa a, tankou liy distribisyon ak tranzmisyon kouran, stasyon elektrik, ak kote pou stoke enèji. Sa pral mande anpil investisman tou.

¹ Gade Lòd Egzekitif 620: Tabli yon Komite sou Plasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèji yo. Referans: <https://www.mass.gov/executive-orders/no-620-establishing-the-commission-on-energy-infrastructure-siting-and-permitting>, te jwenn li 23 fevriye 2024.

² [St. 2008, c. 298](#)

³ [St. 2021, c. 8](#)

⁴ ISO New England, Pwojeksyon Elektrisite pou Chofaj Final (Final Heating Electricity Forecast), 2023–2032, ivè (janvyè) demann rive nan 50/50 ak 90/10, dyapozitif 48–49 yo, pibliye 28 avril 2023. Referans: https://www.iso-ne.com/static-assets/documents/2023/04/heatfx2023_final.pdf, te jwenn li 23 fevriye 2024.

⁵ Gade Plan Enèji Pwòp ak Klima Massachusetts (Massachusetts Clean Energy and Climate Plan) pou ane 2025 ak 2030, paj 31–32, pibliye 30 jen 2022. Referans: <https://www.mass.gov/doc/clean-energy-and-climate-plan-for-2025-and-2030/download>, te jwenn li 27 mas 2024.

⁶ Gade Strateji Rediksyon Kabòn Massachusetts 2050 (Decarbonization Roadmap), paj 23 ak 55, pibliye desanm 2020. Referans: www.mass.gov/doc/ma-2050-decarbonization-roadmap/download, te jwenn li 27 mas 2024.

⁷ Gade Chaje Batri Alavni: Stokaj Enèji nan yon Eta Zewo Kabòn (Charging Forward: Energy Storage in a Net Zero Commonwealth), paj 18, pibliye 31 desanm 2023. Referans: <https://www.mass.gov/doc/charging-forward-energy-storage-in-a-net-zero-commonwealth-report/download>, te jwenn li 27 mas 2024.

⁸ Gade Plan Enèji Pwòp ak Klima Massachusetts (Massachusetts Clean Energy and Climate Plan) pou 2025 ak 2030, paj 91, pibliye 30 jen 2022. Referans: <https://www.mass.gov/doc/clean-energy-and-climate-plan-for-2025-and-2030/download>, te jwenn li 27 mas 2024.

Politik aktyèl ki egziste pou plasman ak otorizasyon pwojè enèji pwòp nan eta Massachusetts yo pa sifi pou pèmèt gen yon tranzisyon a enèji pwòp yon fason ki efikas, responsab, e san patipri. Pou moun k ap chèche fè yon pwojè konsa, pwosesis plasman, chèche otorizasyon, ak fè apèl yo kapab pran anpil tan e pa gen garanti ladan l. Pwosesis aktyèl la mande anpil investisman tan ak resous nan men tout moun ki enplike yo. Anmenmtan, popilasyon jistis anviwònman yo gen istwa soufri plis akòz enfrastrikti ki gen rapò ak enèji. Pandan n ap avanse, li nesèsè pou n pwodui enèji pwòp yon fason fyab, ki pwoteje tè natirèl ak tè travay Eta a. Nan kontèks sa a, Komite a te idantifye plizyè pwoblèm ki egziste nan pwosesis plasman ak otorizasyon an:

1. Angajman ak kominote yo ak pwoteksyon ki gen rapò ak sante, sekirite, ak abitabilite kominote yo

Manm komite yo te pataje kèk enkyetid yo genyen lefètke moun ki enplike yo pa angaje pandan etap enpòtan pandan pwosesis la, pa gen ase posibilite pou manm kominote yo pataje opinyon yo, e gen enfòmasyon ki pa ekilibre, sitou konsènan done sante ak sekirite ak/oswa enpak ki kapab genyen sou kominote a. Komite a te tou idantifye kèk fado ki pa distribye yon fason egal ki soti nan diskriminasyon ki te fèt nan tan pase yo ak diskriminasyon k ap fèt kounye a akòz devlopman endistri, limit resous, barye lang, inegalite ekonomik, ak pwoblèm rasis.

2. Pwoteksyon anviwònman yo

Komite a te dekouvri gen anpil nan nouvo objektif, politik, ak plan Eta a tabli ki gen rapò ak klima a ki poko entegre nan politik plasman ak otorizasyon yo, tankou Tè Natirèl ak Tè Travay yo, dirabilite klima, divèsite biyolojik, ak ekilib ak jistis anviwònman an. Gen kèk nan lòd ak règ yo ki pa ajou e ki pa kapab ede nou redui kabòn yon fason efikas e san patipri.

3. Bagay ki pa mache nan pwosesis la

Lè nou konsidere objektif agresif CECP yo prezante, aprejan, ajans eta ak ajans lokal yo pa gen ase lajan ak/oswa yo pa gen ase eksperyans teknik pou byen analize kantite aplikasyon otorizasyon nou prevwa resevwa pou pwojè enèji pwòp yo. Komite a te esplike pwosesis plasman ak otorizasyon yo pa efikas, pafwa yo pa nesèsè oswa yo repetitif, e yo pa aplikab menm jan tout kote, sa depann de standa zonaj lokal pou enfrastrikti enèji pwòp ki egziste nan diferan minisipalite yo. Komite a te site plizyè opòtinite pou fè apèl kòm youn nan bagay ki kòz pwojè yo pran delè e bagay yo pa mache swa. Anfen, kapab gen diferans ant enterè eta ak enterè lokal yo, diferans ant enterè minisipal ak enterè kominote yo, ak diferan lòd ak règ ki gen rapò ak rekiz otorizasyon yo.

PWOSSESIS PLANIFIKASYON AN

Kòmans nan mwa oktòb 2023 rive nan mwa mas 2024, tout manm Komite yo te reyini ansanm an total 13 fwa. Okòmansman, reyinyon yo te konsantre sou tabli yon konpreyansyon komen sou difikilte politik plasman ak otorizasyon yo ki egziste aktyèlman. Yo te konsidere plizyè pwennvi, san wete pwennvi konpayi itilite, konpayi k ap devlope enèji pwòp, ajans gouvènman lokal ak gouvènman eta, moun k ap defann anviwònman an, ak popilasyon jistis anviwònman yo. Yo te divize Komite a nan twa gwoup, e chak gwoup te gen endividyèl ki soti nan Gwoup Konsèy Pwofesyonèl Sit yo (Siting Practitioner Advisory Group, oswa "Gwoup Konsèy") ki te reyini avèk yo pou fè plis rechèch sou difikilte ki gen rapò ak pwosesis otorizasyon an, wòl otorite lokal yo, pwoteksyon anviwònman yo, ak angajman ak moun ki

enplike yo. Gen lòt gwoup ki t ap konsantre sou yon sijè presi e ki te reyini pou pwopoze ak analize langaj ki nan premye pas rekòmandasyon yo. Gwoup Entèkansyon Milti-Ajans lan (Interagency Task Force), ki gen reprezantan ki soti nan 18 ajans eta yo, te reyini chak de semèn pou soutni Komite konplè a. Souvan manm Gwoup Entèkansyon Milti-Ajans yo te asiste reyinyon Komite yo.

Pandan premye kat reyinyon Komite yo (soti oktòb rive novanm 2023) yo te pale sou istwa a e yo te fè kèk prezantasyon pou devlope yon deklarasyon konplè sou pwoblèm nan selon pwennvi plizyè reprezantan yo. Apre sa, yo te divize manm Komite yo nan twa gwoup pou fè rechèch sou lòt defi ki asosye ak pwosesis plasman ak otorizasyon aktyèl la. Premye pwopozisyon Gwoup Konsèy la te bay, ansanm ak yon lòt pwopozisyon anplwaye Depatman Itilite Piblik (DPU) ak Komite Plasman Sant Enèji (EFSB) yo te bay, te poze fondasyon pou n amelyore jiridiksyon, standa revizyon, eta, ak lòt karakteristik EFSB yo, e pou n devlope yon nouvo pwosesis otorizasyon konsolide. Komite a te tou konsidere H.3215, yon lwa y ap pwopoze pou akselere pwojè enfrastrikti yo ki fèt pou redui gaz kabòn. Se Reprezantan Jeffrey Roy ki te ekri lwa pwopoze sa a. Manm Komite ki reprezante plizyè diferan kalite enterè ak pwennvi te reyini nan ti gwoup pou pale, idantifye pwoblèm, ofri plis enfòmasyon, ak/oswa pwopoze lòt solisyon an rapò ak pwopozisyon yo.

Nan finisman mwa fevriye 2024 la, Komite a te devlope yon kad pwopozisyon ki gen ladan l eleman ki soti nan toulede pwopozisyon yo. Yo te distribye yon sondaj konplè bay piblik la nan mitan mwa fevriye e yo te resevwa 728 repons anvan 15 mas. Anplis de sa, Komite a te kondui de sesyon, ki te dire dezèdtan chak, pou piblik la sou dat 4, 5 mas. Te gen 26 moun ki te pale pandan sesyon sa yo. Yo te envite piblik la voye kòmantè pa imèl tou, e Komite a te resevwa 821 repons.

Komite a te kontinye pale pandan mwa mas 2024, epi yo te vote sou premye pas rekòmandasyon yo. Yo te sèvi ak yon metòd ki rele “nechèl dakò” ki pèmèt moun k ap vote yo jwenn opòtinite pou bay plis enfòmasyon sou nivo sipò y ap bay chak pati nan pwopozisyon an. An total, Komite a te reyini 13 fwa soti oktòb 2023 rive mas 2024. Yo te fè vòt final la, avèk opòtinite pou bay kòmantè pa mwayen yon sondaj, pandan semèn 25 mas 2024, kote anplwaye Eta yo pa t vote. Apre sa, Komite a te soumèt rekòmandasyon ki vin apre yo bay Gouvènè Maura Healey sou dat 29 mas 2024. Apre chak rekòmandasyon, yo tou ba yon ti rezime sou rezilta vòt Komite a ki koresponn ak chak pwennvi. W ap jwenn plis enfòmasyon sou rezilta vòt yo, ansanm ak nenpòt kòmantè manm Komite yo te chwazi bay sou yon rekòmandasyon anpatikilye, nan Apendis A.

REKÒMANDASYON YO

A. AMELYORASYON INVÈSÈL YO

1. Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp

Komite a rekòmande yo tabli nan lwa eta a definisyon ki vin apre yo ki gen rapò ak enfrastrikti enèji pwòp:

- a) "Sant enèji dijeyon anawobik," yon etablisman (1) ki pwodui elektrisite grasa gaz biyolojik ki soti nan materyèl òganik k ap dekonpoze yon fason akselere anba kondisyon anawobik yo; e (2) ke depatman resous enèji a, an amoni ak depatman pwoteksyon anviwònman an, jije kalifye selon règ depatman resous enèji yo antanke yon sous ki pwodui enèji renouvlab Klas I, anba seksyon 11F chapit 25A a.
- b) "Enfrastrikti enèji pwòp," yon enfrastrikti ki pwodui e stoke enèji pwòp oswa yon pwojè enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp.
- c) "Enfrastrikti pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp," enfrastrikti enèji ki se swa (i) yon sant enèji dijeyon anawobik, yon sant enèji solè, oswa yon sant enèji van; oswa (ii) yon sistèm stokaj enèji selon definisyon an ki nan seksyon 1 chapit 164.
- d) "Enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp," enfrastrikti pou tranzmisyon ak distribisyon, ak lòt enfrastrikti ki bay sipò, ki: (i) fèt, omwen yon pati ladan l, pou konekte dirèkteman, oswa fasilite yon lòt fason koneksyon an ant yon enfrastrikti enèji pwòp avèk rezo elektrisite a; (ii) gen apwobasyon operasyon tranzmisyon rejyonal la pou l fè koneksyon pou enfrastrikti enèji pwòp yo; (iii) pwopoze pou asire rezo elektrik la rete fyab e stab; oswa (iv) pral ede sektè bilding ak sektè transpò yo vin konvèti an elektrisite. Enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon pwòp yo pa gen ladan yo nouvo enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon ki konekte enfrastrikti ki pa ranpli kondisyon enfrastrikti enèji pwòp, selon definisyon ki ekri nan seksyon sa, a rezo elektrisite a sou dat 1 janye 2026 oswa apre sa.
- e) "Sant enèji solè," yon etablisman pou pwodiksyon enèji elektrik ki itilize solè pou pwodui elektrisite.
- f) "Sant enèji van," yon etablisman ki sèvi ak van pou pwodui elektrisite ki lokalize swa atè swa sou lanmè.

Rezime vòt sou A.1. Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp

Dakò	16
Pa dakò	2
Pa vle vote	2
Pa t vote	2

2. Rezime sou Diferan Tip Enfrastrikti Enèji Pwòp yo

Tab 1. — Pwodiksyon, Stokaj Enèji, Diferan Tip Tranzmisyon ak Distribisyon, Limit, ak Otorite ki Responsab Bay Otorizasyon yo

Tip	Kapasite	Otorite ki Responsab Bay Otorizasyon ⁹
Pwodiksyon Enèji Pwòp		
Sant Enèji Solè	<25 MW	Lokal
Sant Enèji Solè	≥25 MW	EFSB
Sant Enèji Van, Atè	<25 MW	Lokal
Sant Enèji Van, Sou Lanmè	≥25 MW	EFSB
Dijesyon Anawobik	<25 MW	Lokal
Dijesyon Anawobik	≥25 MW	EFSB
Sistèm Stokaj Enèji yo¹⁰		
Sistèm Stokaj Enèji yo	< 100 MWh	Lokal
Sistèm Stokaj Enèji yo	≥ 100 MWh	EFSB
Enfrastrikti Tranzmisyon ak Distribisyon		
Enfrastrikti ki nesese pou konekte van sou lanmè avèk rezo a	Tout	EFSB
Nouvo liy tranzmisyon nan yon nouvo dwa pasaj (san wete etablisman sipò yo)	≥ 69 kV, > 1 mil	EFSB
Nouvo liy tranzmisyon nan yon dwa pasaj ki deja egziste (san wete etablisman sipò yo)	≥ 115 kV, ≥ 10 mil yo	EFSB
Enfrastrikti tranzmisyon ki pwovoke limit MEPA non-enèji yo ki sitiye mwens ke 1 mil distans de popilasyon Jistis Anviwònman (EJ) yo	Tout	Lokal/EFSB opsyonèl
Rekondui liy tranzmisyon yo oswa pwojè rebatisman yo		Lokal/EFSB opsyonèl
Nouvo liy tranzmisyon, oswa liy tranzmisyon ki chanje anpil, ki sitiye nan yon dwa pasaj ki egziste deja (san wete etablisman sipò yo)	< 10 mil yo	Lokal/EFSB opsyonèl
Nouvo liy tranzmisyon, oswa liy tranzmisyon ki chanje anpil, ki sitiye nan yon nouvo dwa pasaj (san wete etablisman sipò yo)	< 1 mil	Lokal/EFSB opsyonèl
Nenpòt lòt nouvo enfrastrikti pou tranzmisyon enèji pwòp (san wete stasyon tranzmisyon endepandan ak renovasyon yo) ki bezwen egzansyon zonal ¹¹	Tout	EFSB
Pwojè nan nivo distribisyon yo		Lokal/EFSB opsyonèl

⁹ Pwojè ki pa nan jiridiksiyon EFSB yo gendwa toujou bezwen chèche lòt pèmi eta yo (tankou dijisyon anawobik bezwen chèche yon pèmi lè nan men MassDEP). Epitou, nenpòt pwojè tranzmisyon oswa distribisyon pwòp ki pou konpayi itilite yo, ki pa nan jiridiksiyon EFSB a, men ki vle chèche pèmi lokal pa mwayen pèmi konsolide EFSB a bay (anplis pèmi rejyonal ak pèmi eta yo) selon Seksyon A.4 ki mansyone pi ba a, dwe demontre an premye li gen yon baz rezonab pou l ranpli yon aplikasyon EFSB.

¹⁰ Sant idwo-elektrik ki sitiye sou chemen dlo navigab yo tonbe anba jiridiksiyon Komite Federal sou Règ Enèji (FERC) e li pa bezwen chèche pèmi lokal, men li kapab oblije jwenn sètèn pèmi eta yo (pa egzanp, pèmi 401 WQC).

¹¹ Komite a pwopoze yo konsidere etablisman ki bezwen egzansyon zonal yo otomatikman pou yon evalyasyon EFSB piske pwosesis pèmi lokal yo pa gen posibilite pou rezoud konfli lwa zonal yo yon fason efikas.

Rezime vòt sou A.2. Rezime sou Diferan Tip Enfrastrikti Enèji Pwòp yo

Dakò	16
Pa dakò	1
Pa vle vote	3
Pa vote	2

3. Chanjman nan Pwosesis Otorizasyon ki Anba Jiridiksiyon EFSB a (Pèmi Konsolide)

Komite a rekòmande gen anpil chanjman nan pwosesis pou remèt pèmi eta, rejyonal, ak lokal yo pou enfrastrikti enèji pwòp ki anba jiridiksiyon EFSB a. Pwojè ki tonbe nan jiridiksiyon EFSB yo (selon definisyon yo bay pi ba a) souvan se pwojè pwodiksyon enèji ak enfrastrikti itilite yo ki pi gwo, e ki bezwen jwenn plizyè pèmi nan men eta a. Pi presizeman, yo dwe devlope lejislasyon pou tabli yon pwosesis kote aplikan pwojè enfrastrikti enèji pwòp ki tonbe anba jiridiksiyon EFSB yo fè aplikasyon pou yon sèl pèmi konsolide. Pèmi konsolide sa a ta egal ak yon Sètifika Enpak Anviwònman ak Enterè Piblik ke sant enèji sa yo konn jwenn kounye a apre yo resevwa Apwobasyon Konstriksyon¹² an nan men EFSB, e li ta enkli tout pèmi eta, rejyonal, ak lokal yo ke nòmalmen yon pwojè enfrastrikti enèji pwòp ta oblije chèche pou kòmanse ak konstriksyon ak operasyon pwojè a. Kapab gen kèk pèmi spesifik, tankou pèmi federal ki anba yon ajans eta spesifik, aplikan yo gendwa oblije chèche apa pèmi konsolide a, e se EFSB ki dwe deside si sa nesèsè pou chak ka selon sikonstans yo; sepandan, depi sa posib, e an amoni ak tout lwa apwopriye yo, yo dwe egzije oswa ankouraje tout ajans ki responsab bay pèmi sa yo pou yo ba yo pandan menm kantite tan ak EFSB a.¹³

Nenpòt lejislasyon yo fè pou kreye yon pèmi eta konsolide pou enfrastrikti enèji pwòp ki tonbe anba jiridiksiyon EFSB yo dwe gen eleman ki vin apre yo ladan l:

a. Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Anba Jiridiksiyon EFSB a

Definisyon lejislasyon an bay pou enfrastrikti enèji pwòp ki tonbe anba jiridiksiyon EFSB a dwe gen ladan l:

1. Sant enèji solè, van, ak dijeyon anawobik 25 MW oswa plis;
2. Sistèm stokaj enèji 100 MWh oswa plis;
3. Nouvo liy tranzmisyon ki 69 kV oswa plis, e ki rive 1 mil oswa plis distans de yon nouvo chemen tranzmisyon;
4. Nouvo liy tranzmisyon ki 115 kV oswa plis, e ki rive 10 mil oswa plis distans de yon chemen tranzmisyon ki deja egziste;
5. Yon etablisman sipò ki se yon pati fondamantal nan nenpòt operasyon enfrastrikti enèji pwòp ki tonbe anba jiridiksiyon EFSB; e

¹² Aprezan, se EFSB ki bay otorizasyon pou konstriksyon selon G.L. c. 164 § 69J e yo remèt sètifika enpak anviwònman ak sètifika enterè piblik selon G.L. c. 164 § 69K.

¹³ Pa egzanp, evalyasyon konfòmite federal Biwo Jesyon Zòn Bò Lanmè yo.

6. Etablisman ki nesèsè pou konekte sant enèji van sou lanmè yo avèk rezo elektrik la.

Lejislasyon an dwe klarifye ke enfrastrikti enèji pwòp ki pa tonbe otomatikman nan jirisdiksyon EFSB a, men ki gen opsyon pou EFSB analize ka yo pou yo jwenn yon pèmi konsolide, enkli pwojè ki vini apre yo:

1. Pwojè pou rekondui oswa rebati liy tranzmisyon yo;
2. Nouvo liy tranzmisyon, ak liy tranzmisyon ki chanje anpil, ki sitiye nan yon dwa pasaj ki deja egziste (san wete etablisman sipò yo) ki pa rive pi lwen pase 10 mil distans;
3. Nouvo liy tranzmisyon, ak liy tranzmisyon ki chanje anpil, ki sitiye nan yon nouvo dwa pasaj (san wete etablisman sipò yo) ki pi piti pase 1 mil longè; e
4. Pwojè distribisyon ki rive nan yon limit presi, ki gendwa deside pa mwayen yon pwosesis règ.

Rezime vòt sou A.3.a Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Anba Jirisdiksyon EFSB a

Dakò	17
Pa dakò	1
Pa vle vote	2
Pa vote	2

b. Standa EFSB yo pou Evalyasyon Pwojè ki Anba Jirisdiksyon EFSB yo

Lejislasyon an dwe dirije EFSB a, ann amoni ak Depatman Resous Enèji yo (DOER), Depatman Itilite Piblik yo (DPU), Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (MassDEP), Depatman Lapèch ak Lachas la (DFG), Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon an (DCR), Biwo Jistis ak Egalite Anviwònman an, Biwo Akò Politik Anviwònman Massachusetts la (MEPA), Biwo Egzekitif Sekirite Piblik la (EOPSS), ak nenpòt lòt ajans eta ki enplike nan otorizasyon enfrastrikti enèji yo, pou l pibliye règ ak enstriksyon ki enkli lwa ak règ anviwònman ki deja egziste yo, e tabli pwen ki vin apre yo:

1. Yon seri standa ki pa chanje pou yo aplike lè y ap remèt pèmi eta konsolide bay pwojè efrastrikti enèji pwòp ki tonbe anba jirisdiksyon EFSB yo, san wete desizyon sou si pwojè enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp yo nesèsè.¹⁴
2. Yon fòmilè aplikasyon komen pou pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo itilize lè y ap soumèt EFSB a yon aplikasyon pou yon pèmi konsolide. Fòmilè aplikasyon an

¹⁴ Gen kèk manm Komite yo ki te vle enkli yon evalyasyon sou enpak total yo pou jije si pwojè y ap pwopoze yo pap ajoute plis chay sou kominote ki gen istwa pote fado enfrastrikti, men Komite a pa t kapab rive dakò sou pwen sa a.

dwe enkli kesyon sou rekiz minimòm yo pou asire aplikasyon yo gen ase detay ladan yo pou ede EFSB, ansanm ak lòt ajans ki bay pèmi yo, kondui yon evalyasyon ki efikas e pou demontre aplikan an gentan fè bonjan konsiltasyon ak kominote a.

3. Yon seri standa ak rekiz ki pa chanje an rapò ak angajman kominote ki dwe fèt anvan aplikasyon an depoze ki koresponn ak gwosè pwojè enfrastrikti enèji pwòp pwopoze a; fòk yo konplete aktivite sa yo anvan yo ka soumèt yon aplikasyon bay EFSB a;
4. Adopte enstriksyon konsènan sit ki apwopriye pou nenpòt nouvo pwojè enfrastrikti enèji pwòp (Biwo Egzekitif Afè Enèji ak Anviwònman, oswa EEA, pral devlope enstriksyon sa yo), eksepte pou pwojè pwopoze yo ki pral sitiye nan dwa pasaj ki deja egziste. Yo dwe sèvi ak enstriksyon sa yo pandan pwosesis anvan aplikasyon an depoze pou yo ka pi byen konprann e evalye sit resous yo nan domèn kalite, potansyèl devlopman, ak enpak sosyal ak anviwòmman yo an jeneral. Anplis de sa, adopte yon yèrachi mitigasyon pou evite, minimize, ak redui enpak plasman enfrastrikti enèji pwòp yo genyen ni sou anviwònman an ni sou moun, depi sa pratik;
5. Pibliye kondisyon otorizasyon standa yo pou plizyè kategori enfrastrikti enèji pwòp pou sizoka apwobasyon konstriksyon an aktive si EFSB a pa remèt yon desizyon final swa pou apwouve, swa pou apwouve ak kèk kondisyon, swa pou refize yon pwojè anvan dat bilan aplikab la rive.¹⁵
6. Règ ki asire nenpòt enfrastrikti ki pa tonbe anba definisyon enfrastrikti enèji pwòp, tankou enfrastrikti konbistib fosil yo, pap kalifye pou l resevwa yon pèmi konsolide nan men EFSB, men l ap toujou gen menm rekiz pou angajman kominote ak benefis kominote ke enfrastrikti enèji pwòp genyen yo, e l ap oblije pase yon evalyasyon sou enpak total yo.¹⁶

Lejislasyon an dwe dirije EFSB pou l pibliye règ ak enstriksyon final yo ki tabli standa sa yo. Manm komite ki travay pou ajans eta yo te di l ap pran omwen 18 mwa pou yo pibliye règ sa yo apre lejislasyon an pase. Gen anpil manm komite yo, sitou moun ki gen rapò ak devlopman enfrastrikti enèji pwòp yo, ki te rekòmande pou pwosesis la pa pran tout tan sa.

Rezime vòt sou A.3.b Standa EFSB yo pou Evalyasyon Pwojè ki Anba Jiridiksyon EFSB yo

Dakò	17
Pa dakò	1
Pa vle vote	2
Pa vote	2

¹⁵ Apwobasyon konstriksyon an vle di pwojè a jwenn yon pèmi konsolide otomatikman selon yon seri kondisyon standa ki aplikab selon tip pwojè a.

¹⁶ Komite a te endike l ap enpòtan pou defini tèm evalyasyon enpak total la, ki kapab fèt pa mwayen yon pwosesis pou tabli règ.

c. Pwosesis EFSB Revize a

Lejislasyon an dwe amelyore pwosesis EFSB a itilize pou l evalye ak pran desizyon sou aplikasyon enfrastrikti enèji pwòp ki kalifye yo pa mwayen chanjman ki vin apre yo:

1. Egzije EFSB a pou l remèt yon sèl pèmi konsolide a pwojè enfrastrikti enèji pwòp kalifye yo ki ranpli definisyon akseptab yo;
2. Egzije tout lòt ajans lokal, rejyonal, ak eta yo ki nòmalman enplike nan otorizasyon pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo patisipe nan pwosesis evalyasyon EFSB a lè li founi deklarasyon sou ki kondisyon pèmi li rekòmande, avèk yon opòtinite pou piblik la fè kòmantè;
3. Egzije rekiz anvan aplikasyon an depoze ki mache ak rekiz yo esplike nan Seksyon C: Angajman Anvan Aplikasyon an Depoze, ki pi ba a;
4. Egzije yo remèt yon desizyon konsènan pèmi sa yo omwen 6 a 15 mwa apre yo decide aplikasyon an konplè; yo pral decide yon kantite tan presi selon règ ki baze sou kompleksite pwojè a, si pwojè a bezwen resevwa yon egzansyon pou rekiz zonaj lokal yo, ak enpak ki genyen sou popilasyon jistis anviwònman yo;
5. Egzije EFSB a remèt yon desizyon pou swa apwouve, swa apwouve ak kèk kondisyon, swa refize yon pèmi konsolide;
6. Egzije ke si EFSB a pa pran yon desizyon pandan kantite tan presi ki tabli selon règ pou tip pwojè enfrastrikti enèji pwòp y ap konsidere a, yo pral jije pwojè a tou apwouve pou kòmanse konstriksyon anba yon seri kondisyon pèmi komen ki tabli nan règ ak enstriksyon EFSB a pibliye (“apwobasyon konstriksyon”); e
7. Yo gendwa fè apèl sou desizyon EFSB a pran yo, san wete bay apwobasyon konstriksyon yo, dirèkteman a yon sèl jij nan Kou Siprèm Lajistis Massachusetts la. Yo dwe depoze apèl anvan 20 jou kalandriye apre desizyon final EFSB a pase.

Faz pèmi yo sijere pou pwojè ki tonbe nan jirisdiksyon EFSB yo dwe enkli omwen faz ki vin apre yo:

1. **Pwosesis angajman anvan aplikasyon an depoze** – gade Seksyon C.
2. **Decide si aplikasyon an konplè** — anvan 30 jou pase apre EFSB a resevwa yon aplikasyon, li dwe decide si aplikasyon an konplè. Si li pa konplè, EFSB a pral remèt yon deklarasyon senp ki esplike ki sa aplikasyon an manke e li pral bay aplikan an 30 jou pou l konplete pati ki manke yo.
3. **Avèti piblik la sou pwojè a** — apre yo decide aplikasyon an konplè, yo [EFSB a oswa sponso pwojè a] dwe avèti piblik la sou sijè pwojè a. Yo dwe avèti piblik la yon fason rezonab ki mete manm kominote ki afekte yo okouran, san wete manm popilasyon jistis anviwònman k ap afekte yo, omwen 30 jou anvan odyans pou tande kòmantè piblik yo ap fèt.

4. **Odyans pou tandè kòmantè piblik la** — EFSB a dwe kondui yon vizit nan sit pwojè a ki ouvri devan piblik la, si yo mande sa, e yo dwe kondui yon odyans pou tandè kòmantè piblik la. Apre odyans kòmantè piblik la fini, EFSB a pral evalye e pran desizyon sou nenpòt petisyon entèvansyon yo, e li pral pèmèt piblik la soumèt kòmantè alekri, e Ofisye Prezidan EFSB a pral anonse desizyon sou entèvansyon yo.
5. **Konferans preliminè sou pwosedi a** — apre yon odyans kòmantè piblik, EFSB a dwe kondui yon konferans preliminè sou pwosedi a (swa yon reyinyon an pèsonn, ibrid, oswa vityèl):
 - a) pou idantifye nenpòt pwoblèm EFSB a dwe konsidere pandan l ap evalye aplikasyon an;
 - b) pou idantifye ajans eta, rejyonal, ak lokal ki dwe deziyen pou founi yon deklarasyon sou kondisyon li rekòmande pou otorizasyon pèmi a ki gen rapò ak pwoblèm sa yo, konsa y ap evite repetisyon oswa kontradiksyon ki kapab rive si gen plis pase yon ajans ki gen jirisdiksyon sou yon pwoblèm; e
 - c) pou tabli yon pwogram pwosedi.
6. **Lòd pwosedi** — apre konferans preliminè sou pwosedi a, EFSB a dwe remèt yon lòt pwosedi ki gen ladan l: (1) responsabilite ajan prensipal yo; ak (2) yon pwogram pwosedi.
7. **Deklarasyon sou kondisyon rekòmande pou otorize pèmi yo** — apre lòd pwosedi EFSB a tabli, ajans lokal, rejyonal, ak eta yo dwe remèt bay EFSB a deklarasyon sou kondisyon yo rekòmande pou otorize pèmi a. Ajans lokal ak rejyonal yo kapab kondui reyinyon avèk manm piblik yo pou tandè pwennvi piblik la e pou konpile enfòmasyon k ap ede yo devlope deklarasyon ki byen detaye sou ki kondisyon yo rekòmande pou otorize pèmi yo. Aplikan an pral ofri fè entèvenan yo vizite sit la, depi yo mande sa. Deklarasyon sou kondisyon rekòmande pou otorize pèmi yo dwe gen ladan yo: (a) rekòmandasyon ak dekouvèt apwopriye, (b) lang ak kondisyon premye pas pèmi a, (c) egzijans sou kontwòl, rapòtaj, ak responsabilite, (d) metòd ak aksyon y ap pran pou limite enpak pwojè a gen sou moun ak lanati, ak (e) enfòmasyon sou kòman y ap fè yo respekte pèmi yo, ki rete responsabilite ajans ki nòmalman gen jirisdiksyon (e se pa responsabilite EFSB a). Si yon ajans lokal, rejyonal, oswa eta pa remèt deklarasyon sou kondisyon yo rekòmande pou otorize pèmi yo atan, EFSB a ap oblije baze desizyon li sou kondisyon pèmi standa yo, selon règ oswa enstriksyon yo. Si yon aplikan neglije oswa refize reponn devan demann enfòmasyon EFSB oswa ajans lokal, rejyonal, ak eta yo fè atan, selon lòd pwosedi, yo gendwa konsidere neglijan sa a kòm yon baz pou refize pèmi a. Deklarasyon sou kondisyon rekòmande pou otorizasyon pèmi yo pa konstiye desizyon final, e yo pap kondui yon revizyon jidisyè sou yo.
8. **Odyans jijman ak evidans EFSB (yo)** — EFSB ak lòt moun ki enplike yo dwe sèvi ak pwosesis dekouvèt selon bezwen an. EFSB a pral kondui odyans evidans (yo) pou bay aplikan an ak tout lòt moun ki enplike yo opòtinite pou yo abòde, nan yon sèl

diskisyon, e selon yon pèspektif ki konsolide tout eta a, kesyon analize ak deklarasyon otorite lokal, rejyonal ak eta yo bay konsènan rekòmandasyon yo pou kondisyon otorizasyon yo. Sof nan kèk ka ekstrawodinè, odyans evidans yo pa dwe dire plis pase senk jou. Kesyon ki mande pwosesis seleksyon yo se kesyon ki pwovoke gwo diskisyon sou eleman kle oswa eleman enpòtan EFSB a idantifye. Pwogram pwosesis la pral pèmèt moun ki enplike yo depoze dosye.

9. **Desizyon Preliminè** — apre pwosesis seleksyon an fini, EFSB a pral remèt yon Desizyon Preliminè. Desizyon Preliminè a pral tire konklizyon nesèsè ak fè jijman legal e li pral esplike baz desizyon an, endike si yo pwopoze apwouve oswa refize pèmi konsolide a, e li pral site sout standa kondisyon ki aplikab ak nenpòt kondisyon espesyal yo. Desizyon Preliminè a pral rekòmande Komite a swa apwouve, swa apwouve avèk kèk kondisyon, swa refize aplikasyon pou pèmi konsolide a. Desizyon Preliminè a pral gen ladan l yon premye pas pèmi konsolide rekòmande avèk tout apwobasyon ak kondisyon yo.
10. **Kòmantè yo** — Apre yo remèt yon Desizyon Preliminè, aplikan an, ajans lokal yo, entèvenan (si genyen), ak nenpòt lòt moun oswa gwoup ki enterese yo gendwa soumèt kòmantè konsènan Desizyon Preliminè avèk premye pas pèmi konsolide a.
11. **Reyinyon komite ak desizyon final** — apre dat bilan rive pou soumèt kòmantè sou Desizyon Preliminè a, EFSB a pral kondui yon reyinyon Komite piblik pou koute kòmantè, fè diskisyon, ak vote sou Desizyon Preliminè a. EFSB a dwe rann yon desizyon pandan yon reyinyon piblik. Omwen senk jou apre reyinyon Komite a, EFSB a dwe remèt desizyon Desizyon Final la alekri. Desizyon Final la dwe esplike kondisyon final pou otorize pèmi ak obligasyon sponso pwojè a genyen e li dwe detaye kiyès ki responsab pou asire yo respekte kondisyon ak obligasyon sa yo.
12. **Apwobasyon konstriksyon** — si EFSB a pa remèt yon Desizyon Final pandan kantite tan règ yo egzije selon tip etablisman an, yo pral konsidere pwojè a tou apwouve, e yo dwe remèt pèmi avèk standa kondisyon ki tabli nan règ EFSB yo. Yon entèvenan gendwa fè apèl sou apwobasyon konstriksyon an devan yon sèl jij Kou Siprèm Lajistis (SJC).

Lejislasyon an dwe dirije EFSB a pou l tabli nouvo règ ak enstriksyon konsènan nouvo pwosesis sa a. Manm komite ki travay pou ajans eta yo te di l ap pran omwen 18 mwa pou yo pibliye règ sa yo apre legislasyon an pase. Gen anpil manm komite yo, sitou moun ki gen rapò ak devlopman enfrastrikti enèji pwòp yo, ki te rekòmande pou pwosesis la pa pran tout tan sa.

Rezime vòt sou A.3.c Pwosesis EFSB Revize a

Dakò	15
Pa dakò	1
Pa vle vote	4
Pa vote	2

d. Jesyon Liy Datant EFSB a

Komite a note te gen yon dezakò ant manm yo konsènan ki fason EFSB a dwe jere liy datant aplikasyon yo, si genyen, pou jere chay travay pandan moman lè gen anpil aplikasyon pou konsidere (tankou gwoupe aplikasyon yo, mete aplikasyon yo ann atant). Komite a pa t kapab pwodui yon rekòmandasyon an rapò ak sijè sa a; sepandan, Komite a gen kèk rekòmandasyon konsènan anplwaye ak finans ki kapab abòde kèk nan enkyetid sa yo; gade Seksyon A.4.c. pi ba a.

e. Sipò Finansye pou Entèvenan yo

Lejislasyon an dwe egzije gen sipò teknik ak sipò finansye pou kominote yo, san wete gwoup minisipal ak gwoup kominote, ki kapab demontre yo bezwen èd konsa pou yo patisipe nan pwosesis desizyon EFSB a. Komite a pa t rive dakò sou ki metòd ak sous fon yo dwe itilize pou bay sipò sa a, men li ankouraje yo pale plis sou sijè sa nan lejislasyon an.

Rezime vòt sou A.3.e Sipò Finansye pou Entèvenan yo

Dakò	16
Pa dakò	1
Pa vle vote	3
Pa vote	2

f. Pèmi Konsolide Rejyonal ak Eta yo pou Pwojè ki Pa Anba Jirisdiksyon EFSB yo

Gèn kèk pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo ki pa tonbe anba jirisdiksyon EFSB a, ki bezwen plizyè pèmi rejyonal ak pèmi eta yo, e ki pa t ap benefisye dirèkteman de amelyorasyon pwosesis EFSB. Komite a ap pwopoze yo pou pwojè ki anba jirisdiksyon EFSB a. Tip enfrastrikti sa a gen ladan l pwojè pou pwodui ak stoke enèji pwòp ki pa anba jirisdiksyon EFSB a, men tou li enkli plizyè kalite enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp yo, tankou modènizasyon liy tranzmisyon ak lòt enfrastrikti ki egziste deja yo, agrandisman stasyon elektisite segondè yo, ak nouvo stasyon elektisite ki gen koneksyon ki pa anba jirisdiksyon EFSB a.

Gen kèk nan manm Komite yo ki te vle pèmèt kèk tip enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp yo chwazi patisipe nan pwosesis EFSB a, e pou pèmèt yon apwòch konsolide ki pa enplike yon pwosesis seleksyon pou aplikasyon pèmi ki pa fè pati EFSB a. Gen lòt moun sou komite a ki te vle tabli yon pwosesis parèy pou pèmèt pwojè pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp yo jwenn pèmi rejyonal ak pèmi eta yo pa mwayen yon pwosesis pèmi konsolide nan nivo eta a. Tan an pa t pèmèt Komite a pwodui yon rekòmandasyon pou tabli yon pwosesis ki pa enplike pwosesis seleksyon pou pèmèt pwojè sa yo fè aplikasyon pou pèmi konsolide ki enkli tout pèmi rejyonal ak eta yo. Men, li ankouraje yo chèche plis opsyon lejislasyon, administratif oswa lòt opsyon règ pou pèmèt yo jere aplikasyon pèmi pou etablisman sa yo yon fason ki konplè, ki pa pran twòp tan, e avèk bonjan kowodinasyon ki pèmèt kominote afekte yo pataje pwennvi pa yo, asire sante ak sekirite piblik la, e evite, minimize e redui enpak sou anviwònman an nan yon mezi ki pratik.

**Rezime vòt sou A.3.f Pèmi Rejyonal ak Eta Konsolide yo
pou Pwojè ki Pa Anba Jiridiksyon EFSB yo**

Dakò	11
Pa dakò	1
Pa vle vote	8
Pa vote	2

4. Chanjman nan Pwosesis Pèmi Lokal pou Pwojè ki Pa Anba Jiridiksyon EFSB yo (Pèmi Lokal Konsolide)

Komite a rekòmande yo fè chanjman nan pwosesis ki egziste pou bay pèmi lokal a pwojè enfrastrikti enèji pwòp ki pa anba jiridiksyon EFSB a. Pwojè sa yo ta gen ladan yo tout pwojè enfrastrikti enèji pwòp ki pa anba jiridiksyon EFSB a (selon definisyon pi wo a, e selon kèk eksepsyon yo esplike isi a). An jeneral, pwojè ki pa tonbe anba jiridiksyon EFSB yo se pral pwojè pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp ki piti, e nòmalman y ap pi piti pase pwojè enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp yo.

Pi prezizeman, yo dwe pase lejislasyon pou tabli yon pwosesis kote yon gouvènman minisipal kapab remèt yon sèl pèmi konsolide ba yon aplikan pou enfrastrikti enèji pwòp ki pa anba jiridiksyon EFSB a. Sèl pèmi konsolide sa a ta dwa kouvri tout pèmi lokal yon pwojè enfrastrikti enèji pwòp ta bezwen genyen pou l kòmanse konstriksyon. Pèmi konsolide lokal la pa dwe enkli okenn pèmi eta, rejyonal, oswa federal etablisman an gendwa oblije chèche, pa egzanp, pèmi li dwe chèche youn pa youn oswa pa mwayen yon pwosesis pèmi konsolide rejyonal ak eta a pou pwojè yo mansyone pi wo yo ki pa anba jiridiksyon EFSB a.

Lejislasyon ki kreye yon pèmi lokal konsolide dwe enkli eleman ki vin apre yo:

a. Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Pa Anba Jiridiksyon EFSB a

Lejislasyon an dwe defini enfrastrikti enèji pwòp ki pa anba jiridiksyon EFSB a pou l enkli tout pwojè enfrastrikti enèji pwòp ki pa anba jiridiksyon EFSB a yo, men li pa dwe limite a:

- a) Sant pwodiksyon enèji solè, van, ak dijeyon anawobik ki pa rive nan 25 MW;
- b) Sistèm stokaj enèji ki pa rive nan 100 MWh; ak
- c) Tout enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp ki pa anba jiridiksyon EFSB a (gade Tab 1 ak seksyon A.3.a pi wo a).

**Rezime vòt sou A.4. Pèmi Lokal Konsolide ak
A.4.a. Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Pa Anba Jiridiksiyon EFSB a**

Dakò	15
Pa dakò	1
Pa vle vote	4
Pa vote	2

b. Divizyon Depatman Resous Enèji (DOER) pou Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo

Lejislasyon an dwe tabli yon nouvo Divizyon pou Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo ki fè pati DOER. Divizyon pou Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo a dwe gen yon direktè ki dirije l e li dwe gen anplwaye ki soutni divizyon an ki gen eksperyans nan domèn pwoblèm anviwònman, angajman kominote, pwoblèm jistis anviwònman, ak eksperyans legal nan domèn zonaj minisipal, plasman sit, ak bay pèmi yo. Divizyon an dwe gen omwen kat kowodonatè reyonal ladan l. Travay prensipal moun sa yo se pral soutni gouvènman minisipal yo pandan y ap navige pwosesis pèmi lokal la pou pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo. DOER pral bezwen jwenn otorizasyon pou l pran plis anplwaye apentan e li pral bezwen plis lajan pou konble bezwen ki genyen pou peye anplwaye ki fè pati nouvo divizyon sa a.

Komite a rekòmande yon konsiltan jesyon fè yon etid rechèch san pèdi tan pou evalye: (i) ki chay anplis gouvènman minisipal yo pral oblije pote pou adopte yon pwosesis pèmi lokal konsolide, (ii) ki lòt kalifikasyon anplwaye yo pral bezwen ak/oswa konbyen lòt anplwaye y ap bezwen, ak (iii) ki resous ak sipò gouvènman minisipal yo pral bezwen pou remèt pèmi lokal konsolide yo nan 12 mwa.

Rezime vòt sou A.4.b. Divizyon DOER pou Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo

Dakò	15
Pa dakò	1
Pa vle vote	4
Pa vote	2

c. Standa Eta yo pou Evalyasyon Lokal

Lejislasyon an dwe dirije DOER, ann amoni ak EFSB, DPU, MassDEP, DFG, DCR, Biwo Jistis ak Egalite Anviwònman an, MEPA, EOPSS, ak nenpòt lòt ajans eta ki enplike nan otorize enfrastrikti enèji yo, pou l pibliye règ ak enstriksyon ak/oswa fòmilè standa ki tabli pwen ki vin apre yo:

- a) Yon seri standa sante, sekirite, ak anviwònman ki pa chanje pou gide gouvènman minisipal pandan y ap remèt pèmi pou enfrastrikti enèji pwòp;¹⁷
- b) Yon standa aplikasyon komen pou pwojè enfrastrikti enèji pwòp lokal yo itilize lè y ap soumèt yon aplikasyon pou otorizasyon bay gouvènman minisipal yo;
- c) Minimòm egzijans anvan yon pwojè depoze yon aplikasyon pou pèmi lokal konsolide dwe enkli detay tankou mande aplikan yo ofri omwen yon reyinyon piblik ibrid (vityèl ak an pesonn), oswa yon reyinyon vityèl plis yon reyinyon an pèsonn, ki dire omwen 90 minit, omwen 60 jou anvan li depoze yon aplikasyon pou otorizasyon an devan gouvènman minisipal, e dwe gen sesyon kesyon repons ki okipe omwen 50% nan tan reyinyon sa yo ki fèt anvan aplikasyon an depoze a. Se aplikan an ki responsab peye pou tout depans ki gen rapò ak materyèl reyinyon yo, sèvis tradiksyon, ak travay enfòmè piblik la.
- d) Fason pou aplike enstriksyon EEA devlope yo an rapò ak plasman apwopriye pou nenpòt nouvo enfrastrikti enèji pwòp, ki pa sitiye nan yon dwa pasaj ki deja egziste, pandan pwosesis anvan aplikasyon an depoze a pou pi byen konprann ak evalye kalite, potansyèl devlopman, ak enpak sosyal ak anviwònman lokal yo, e pou tabli yon yèrach mitigasyon yo dwe aplike pandan pwosesis otorizasyon an pou evite, minimize, ak redui enpak plasman enfrastrikti enèji pwòp genyen sou anviwònman ak moun, nan mezi sa pratik;
- e) Standa komen pou yon sèl pèmi konsolide ki gen tout otorizasyon lokal ki nesesè pou diferan kalite enfrastrikti enèji pwòp yo ladan l sizoka yon aplikasyon jwenn apwobasyon konstriktyon poutèt gouvènman minisipal neglije pran aksyon; e
- f) Moun ki responsab yo gendwa sibi aksyon pwosekisyon, san wete si yo vann byen enfrastrikti enèji pwòp yo apre yo jwenn otorizasyon.

Lejislasyon an dwe dirije DOER pou l pibliye règ ak enstriksyon final ki tabli standa sa yo. Manm komite ki travay pou ajans eta yo te di l ap pran omwen 18 mwa pou yo pibliye règ sa yo apre legislasyon an pase. Gen anpil manm komite yo, sitou moun ki gen rapò ak devlopman enfrastrikti enèji pwòp yo, ki te rekòmande pou pwosesis la pa pran tout tan sa.

Rezime vòt sou A.4.c. Standa Eta yo pou Evalyasyon Lokal

Dakò	17
Pa dakò	1
Pa vle vote	2
Pa vote	2

¹⁷ DOER dwe kowodone ak ekspè lòt ajans yo nan domèn ki gen rapò ak eksperyans yo (pa egzanp, MassDEP pou marikaj, MDAR pou tè agrikòl, eksetera).

d. Pwosesis Pèmi Lokal Revize a¹⁸

Lejislasyon an dwe amelyore pwosesis otorizasyon pou enfrastrikti enèji pwòp ki pa anba jirisdiksyon EFSB a konsa:

1. Egzije gouvènman minisipal yo remèt yon sèl pèmi lokal konsolide ki enkli tout apwobasyon lokal ki nesèsè yo;
2. Egzije gouvènman minisipal yo pran desizyon sou pèmi sa yo anvan 12 mwa pase apre yo resevwa yon aplikasyon konplè;¹⁹
3. Egzije ke, si pa gen okenn desizyon anvan 12 mwa pase, yo pral konsidere pwojè a apwouve pou l kòmanse konstriksyon anba yon seri kondisyon komen ki tabli pa règ ak enstriksyon DOER yo;
4. Apre gouvènman minisipal la swa apwouve swa refize yon aplikasyon, aplikan pwojè a, oswa yon lòt moun pwojè pwopoze a afekte yon fason presi, gendwa mande EFSB fè yon nouvo pwosesis seleksyon pou aplikasyon an, e li dwe depoze l anvan 30 jou pase apre gouvènman minisipal la swa apwouve swa refize pèmi lokal konsolide a;
^{20,21}
5. Egzije ke, depi yo resevwa yon demann evalyasyon, Direktè EFSB a dwe evalye aplikasyon an pou asire li mache ak standa otorizasyon lokal DOER tabli yo ki aplikab nan tout eta a, epi pran yon desizyon anvan sis (6) mwa pase apre li resevwa l, san MEPA pa oblije analize l, eksepte si sa se yon egzijans nòmal selon règ jirisdiksyon ki site pi ba yo; e
6. Yo kapab fè apèl a desizyon Direktè EFSB a fè dirèkteman a yon sèl Jistis nan Kou Siprèm Lajistis la. Yo dwe depoze apèl yo anvan 20 jou pase apre desizyon final EFSB a.

Komite a rekòmande yo pèmèt pwojè enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp yo ki pa anba jirisdiksyon EFSB a soumèt yon demann a EFSB pou yon nouvo pwosesis seleksyon anvan gouvènman minisipal pran yon desizyon, si li ranpli kondisyon EFSB a tabli pou demann konsa.

EFSB a dwe tabli règ sou kòman yon nouvo pwosesis seleksyon pou aplikasyon ak desizyon sou pèmi lokal yo dwe mache. Manm komite ki travay pou ajans eta yo te di l ap pran omwen 18 mwa pou yo pibliye règ sa yo apre lejislasyon an pase. Gen anpil manm komite yo, sitou moun ki gen rapò ak devlopman enfrastrikti enèji pwòp yo, ki te rekòmande pou pwosesis la pa pran tout tan sa.

¹⁸ Note ke Asosyasyon Minisipal Massachusetts la (MMA) endike li pa soutni yon plan kote gouvènman minisipal yo oblije remèt yon sèl pèmi lokal konsolide pandan 12 mwa, men li ta soutni yon plan ki pèmèt gouvènman minisipal yo "chwazi" si yo vle patisipe nan plan an.

¹⁹ Gen anpil manm Komite yo ki te prefere yon limit tan ki pi kout, pa egzanp, pa plis pase 6-9 mwa.

²⁰ Gouvènman minisipal yo dwe gen posibilite fè yon demann pou EFSB a kondui yon nouvo pwosesis seleksyon nenpòt lè yo pa gen ase resous, kapasite, ak anplwaye pou yon evalyasyon lokal konsolide sou aplikasyon otorizasyon an.

²¹ Nouvo vle di desizyon EFSB a ap baze sèlman sou fason EFSB a aplike standa evalyasyon yo poukont li devan aplikasyon ki devan EFSB a.

Pandan l ap pran yon desizyon, EFSB a pral konsidere nenpòt rekòmandasyon sou kondisyon otorizasyon yo ki gentan depoze. Yon moun gendwa mande pou EFSB a enkli rekò ki soti nan yon pwosedi eta oswa pwosedi lokal ki te fèt anvan nan dosye ki devan EFSB a.

Rezime vòt sou A.4.d. Pwosesis Pèmi Lokal Revize a

Dakò	14
Pa dakò	1
Pa vle vote	5
Pa vote	2

5. Chanjman nan Komite Plasman Sant Enèji yo (EFSB)

Komite a rekòmande ke aplwaye EFSB yo kontinye rete yon ajans endepandan anba direksyon DPU a, men ke yo dwe fè chanjman ki vin apre yo konsènan fason EFSB a konpoze ak sous fon li yo:

a. Manda Lejislatif EFSB a

Men ki revizyon yo dwe fè a manda lejislatif EFSB a:

EFSB a pral (i) asire gen yon sous enèji fyab ki mache ann amoni ak rekiz eta a genyen an rapò ak chanjman klima a ak rediksyon kabòn, (ii) asire enfrastrikti a evite, minimize, e redui enpak sou anviwònman an, nan mezi sa pratik, e li mache ann amoni ak politik enèji, anviwònman, izaj tè, travayè, jistis ekonomik, jistis ak egalite anviwònman an, ak sante ak sekirite piblik Eta a, toutpandan li fè sa yon fason ekonomik.

Rezime vòt sou A.5 Chanjman nan Komite Plasman Sant Enèji yo (EFSB) ak A.5.a Manda Lejislatif EFSB a

Dakò	16
Pa dakò	1
Pa vle vote	3
Pa vote	2

b. Konpozisyon Komite Plasman Sant Enèji yo

Komite a pa t kapab rive dakò sou kèk rekòmandasyon presi an rapò ak konpozisyon oubyen gwosè EFSB a, men li vle bay sijasyon ki vin apre yo:

- Sekretè EEA a dwe kontinye sèvi kòm prezidan komite a;
- Dwe gen reprezantan gouvènman minisipal;
- EFSB a dwe enkli manm ki gen eksperyans nan domèn ki vin apre yo (yon sèl manm gendwa reprezante youn oubyen plizyè nan domèn yo):
 - Syans sou klima a;
 - Devlopman ekonomik;
 - Enèji oswa etid jeni;
 - Jistis anviwònman;
 - Souverènte pèp endijèn yo;

- Travay;
- Sante piblik;
- Tè pou Izaj Lanati ak Tè pou Izaj Travay;
- Enèji renouvlab; ak
- Bèt sovaj yo.

Komite a te tou pale sou kantite moun ki fè pati komite a. Pa egzanp, li konn difisil pou yo pwograme reyinyon avèk nèf manm komite yo ki egziste kounye a. Konsa, li kapab yon bon ide pou yo konsidere si yo dwe redui kantite manm komite a genyen.

Rezime vòt sou A.5.b Konpozisyon Komite Plasman Sant Enèji yo

Dakò	16
Pa dakò	1
Pa vle vote	3
Pa vote	2

c. Anplwaye, Fon ak Fre yo

Komite a te pale konsènan si EFSB a gen kapasite pou l jere plis aplikasyon ak plis travay si jirisdiksyon li vin pi gran e si gen yon dat bilan li dwe respekte an rapò ak remèt desizyon. Konsa, Komite a rekòmande yo mande yon konsiltan jesyon fè rechèch san pèdi tan pou evalye: (i) kantite travay EFSB a pral genyen sou baz objktif CECF yo, (ii) kalifikasyon anplwaye yo pral bezwen genyen, ak (iii) konbyen sa ap koute pou pran e kenbe anplwaye pwofesyonèl ak konsiltan ki kalifye yo pou konplete travay la.

Lè konsiltan an fin idantifye konbyen lajan ak anplwaye yo ta bezwen selon rechèch la, Komite a rekòmande yo rapòte enfòmasyon sa a bay prezidan Komite Miks pou Metòd ak Mwayèn yo, prezidan Komite Miks pou Telekomunikasyon, Itilite ak Enèji yo, Sekretè Afè Enèji ak Anviwònman an, ak Sekretè Administrasyon ak Finans la. Anvan 90 jou pase, Sekretè Afè Enèji ak Anviwònman an ak Sekretè Administrasyon ak Finans yo ta dwe esplike Komite Miks yo ki opsyon ki egziste pou peye anplwaye ak lòt depans nesèsè yo, san wete petèt yon taks sou konbistib fosil yo, sipò fon jeneral, ak fre aplikan yo.

EFSB a dwe kontinye jwenn fon pa mwayen evalyasyon itilite elektrik ak gaz yo; sepandan, yo dwe konsidere otorizasyon sou nouvo evalyasyon yo pou EFSB kouvri depans anyèl li yo.²²

EFSB a dwe tou jwenn otorizasyon pou l tabli fre pou aplikasyon pwojè yo pa mwayen reglèman yo pou l jwenn fon siplimantè li bezwen. Pri fre yo dwe apwopriye selon gwochè ak tip pwojè a. Tout aplikan yo, san wete konpayi distribisyon elektrisite yo, pral gen responsablite pou peye fre aplikasyon pou chak aplikasyon pwojè.

²² Aprezan, EFSB a jwenn pifò lajan li pa mwayen otorite evalyasyon jeneral DPU a anba M.G.L. c. 25 § 18, byenke gen kèk pwojè ki oblije peye yon fre aplikasyon. Pwopozisyon sa a ta kreye yon evalyasyon EFSB presi ki separe. Byenke EFSB a pral bezwen plis lajan an jeneral, si yo tabli yon otorite evalyasyon separe, sa pral redui depans evalyasyon DPU a nan menm kantite li t ap itilize anvan, konsa yo ta jwenn plis lajan pou operasyon EFSB yo.

d. Biwo Angajman Kominote a

EFSB a dwe tabli yon biwo ki fèt pou ede kominote ak aplikan pwojè yo navige egzijans angajman anvan aplikasyon an depoze, klarifye ki egzijans ki genyen anvan yo depoze yon aplikasyon, klarifye ki opòtinite ki gen pou entèveni, e fasilite moun ki enplike yo pale youn ak lòt. Biwo sa a ta gen yon medyatè pou ede moun kowodone ant diferan ofisye eta, rejyonal, ak lokal yo ki enplike nan pwosesis anvan depoze aplikasyon an ak pwosesis pèmi a an jeneral. Medyatè a pa t ap patisipe nan pwosesis seleksyon an nan EFSB.

Rezime vòt sou A.5.c Anplwaye, Fon, ak Fre yo e A.5.d Biwo Angajman Kominote a

Dakò	17
Pa dakò	1
Pa vle vote	2
Pa vote	2

6. Wòl MEPA Jwe nan Bay Pèmi

Manm Komite yo pa t rive dakò sou ki wòl MEPA dwe jwe nan pwosesis pèmi a, sitou pou etablisman k ap pase nan pwosesis seleksyon an nan EFSB. Gen kèk manm ki te dakò pou MEPA jwe yon wòl nan pwosesis anvan pwojè a depoze yon aplikasyon, kote yon evalyasyon MEPA ta vin youn nan bagay yo egzije pwojè yo fè anvan yo depoze yon aplikasyon nan EFSB. Men, gen lòt manm ki te panse evalyasyon MEPA dwe jwe yon wòl kèlkonk nan pwosesis seleksyon EFSB a, swa antanke yon pwèn sou yon chemen paralèl ak/oswa antanke yon ajans ki soumèt yon deklarasyon sou kondisyon pèmi li rekòmande, menmjan ak lòt ajans eta, rejyonal ak lokal yo.

Komite a pa fè okenn rekòmandasyon presi sou fason yo dwe entegre MEPA nan pwosesis otorizasyon pou sant enèji k ap pase nan yon pwosesis seleksyon anba EFSB a; sepandan, pou tout lòt etablisman yo, Komite a rekòmande ke règ jiridiksyon ki deja egziste yo dwe dirije evalyasyon MEPA a, e se pral yon egzijans si yon etablisman bezwen pèmi aplikab, transfè tè, oswa asistans finansye, e li rive nan kategori pwojè MEPA a egzije fè yon evalyasyon (pa egzanzp, chanjman tè, marikaj, enpak sou espes ra, eksetera).

Rezime vòt sou A.6 Wòl MEPA Jwe nan Bay Pèmi

Dakò	13
Pa dakò	0
Pa vle vote	7
Pa vote	2

B. PLASMAN AN

Komite a pwopoze EEA kowòdone ak òganize yon pwosesis pou moun ki enplike yo, kote y ap kreye yon politik sou plasman apwopriye pou sant pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp yo. Metòd sa a ta ede yo òganize tout enterè izaj tè diferan yo lè yo kowòdone objektif izaj tè Eta a, jistis anviwònman, klima, ak enèji yo ansanm. Pou deside si yon sit apwopriye, yo pral sèvi ak plizyè kritè jeyografik pou pi byen konprann ak evalye resous sit yo nan domèn kalite, potansyèl devlopman, ak enpak sosyal ak anviwònmantal yo. Politik la dwe idantifye sit ki preferab selon pwennvi plasman enfrastrikti pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp yo, e yo dwe fè pwojè sa yo yon fason ki ede mèt pwojè yo evite, minimize, ak redui enpak plasman sant enèji yo genyen nan zòn ki gen pwoblèm anviwònman oswa pwoblèm izaj tè. EEA a pral devlope enstriksyon pou gide pwosesis anvan pwojè yo depoze aplikasyon eta, rejyonal, ak lokal yo. Enstriksyon sa yo pral gen rapò ak nivo enspeksyon ak egzijans pwojè yo dwe respekte pou evite, minimize, ak redui enpak pwojè yo gen sou ni anviwònman an ni moun, nan mezi ki pratik.

Rezime vòt sou B Plasman an

Dakò	18
Pa dakò	0
Pa vle vote	2
Pa vote	2

C. REKIZ ANVAN APLIKASYON AN DEPOZE POU SANT ENÈJI KI ANBA JURISDIKSYON EFSB YO

Pou amelyore opòtinite ki genyen pou angajman kominote ak edikasyon piblik an rapò ak pwojè enèji pwòp pwopoze yo, Komite a rekòmande yo tabli kèk rekiz pou anvan aplikasyon an depoze pou pwojè enèji ki anba jiridiksiyon EFSB a. Yo dwe fè sa pa mwayen règ ak enstriksyon EFSB a pral pibliye pou mete rekòmandasyon ki ekri pi wo yo sou pye. Pou pwojè sa yo, Biwo Angajman Kominote EFSB a, ann amoni ak anplwaye Biwo Jistis ak Egalite Anviwònman ak Biwo MEPA yo, dwe ede aplikan yo kondui rekiz angajman kominote a ki dwe fèt anvan yo depoze yon aplikasyon yon fason ki ankouraje gen anpil angajman ak kominote a. Biwo Angajman Kominote EFSB a dwe ede aplikan ak kominote yo navige tout rekiz ki dwe fèt anvan yon aplikasyon depoze e li dwe ede kominote yo konprann pwojè pwopoze a.

Pou EFSB a jije yon aplikasyon konplè, mèt pwojè a dwe demontre li te fè tout efò l pou l gen bonjan angajman ak kominote a. EFSB a pral devlope règ ki tabli egzijans minimòm, an rapò ak angajman ak moun ki enplike yo, pou mèt pwojè yo respekte. Règ sa yo pral gen ladan yo:

1. Yo dwe voye yon avi ki di yo gen entansyon depoze yon aplikasyon bay EFSB a omwen 90 jou anvan yo soumèt aplikasyon an bay EFSB.
2. Dwe gen yon lis enfòmasyon detaye konsènan pwojè a ki disponib alekri sou yon paj akèy sitwèb pwojè EFSB a, e yo dwe poste enfòmasyon sa a sou pankat nan zòn kote moun nan kominote a konn pase souvan (tankou nan bibliyotèk, sant kominote, plas piblik, stasyon transpò piblik, eksetera) omwen 15 jou anvan premye reyinyon ak piblik la fèt. Yo dwe tradui paj akèy ak pankat yo nan lang moun pale nan kominote a.

3. Nimewo, tip, lè, ak longè reyinyon ki dwe fèt avèk moun ki vin apre yo (reyinyon yo gendwa fèt, e li pi bon si yo fèt, osito ke posibil anvan peryòd avi 90 jou a kòmanse):
 - a. Dwe gen youn oswa plis reyinyon ki fèt ak ofisye minisipal an chèf, oswa reprezantan li, pou chak gouvènman minisipal kote pwojè a pral sitiye. Reyinyon ki fèt avèk reprezantan eli oswa reprezantan nome yo gendwa fèt ansanm ak mèt pwopriyete akote sit la ak òganizasyon kominote yo, oubyen reyinyon sa yo gendwa fèt separe.
 - b. Tout moun ki gen pwopriyete akote pwojè a, san wete lokatè kay ak biznis ki chita sou fwontye pwopriyete a, pa mwayen lapòs, imèl, ak/oswa frape nan pòt yo.
4. Yon rekiz pou kondui omwen 2 reyinyon piblik ibrid (vityèl ak an pesonn), ki dire omwen 90 minit chak. Youn dwe fèt pandan premye etap devlopman pwojè a, selon definisyon EFSB a, e dezèm nan dwe fèt omwen 45 jou anvan yo depoze aplikasyon an bay EFSB a. Dwe gen sesyon kesyon repons ki okipe omwen 50% nan tan reyinyon sa yo. Yo dwe tradui avi reyinyon an ak nenpòt lòt materyèl reyinyon yo nan lang ki apwopriye selon enstriksyon Biwo EEAA EJ a.
5. Demonstrasyon sou lòt efò ki te fèt pou enplike manm òganizasyon kominote, òganizasyon tribi/endijèn, gwoup rezidan, asosyasyon vwazinaj, konsèy travayè lokal, ak gwoup ti biznis yo, sa gen ladan l envite moun sa yo nan youn oswa plis reyinyon yo oswa fòme patenarya ak youn ladan yo bay enfòmasyon antanke yon gwoup konsèy.^{23,24} Mèt pwojè a dwe fè efò pou l travay ak gwoup sa yo pou devlope yon pwopozisyon ki benefisye kominote yo ak/oswa pou fè yon akò sou benefis y ap bay kominote a ki koresponn ak enpak yo.
6. Pou pwojè ki enplike tè ki anba jiridiksiyon plizyè gouvènman minisipal, mèt pwojè a dwe kondui omwen yon reyinyon enfòmasyon anplis sou pwojè a pou chak minisipal anplis ki enplike, e li dwe envite ofisye gouvènman minisipal ki soti nan zòn sa yo reyini ansanm pou diskite kesyon, ide ak enkyetid yo genyen yo.
7. Yon opòtinite ki dire 60 jou pou manm piblik yo ekri kòmantè oswa bay lòt kalite enfòmasyon a mèt pwojè a. Opòtinite sa a pral fèmen omwen 30 jou anvan pwojè a depoze aplikasyon bay EFSB a.
8. Devlopman yon lis distribisyon ki gen ladan l nenpòt moun ki endike li vle kontinye resevwa enfòmasyon sou pwojè a.
9. Demonstrasyon sou bonjan efò ki te fèt pou reponn alekri, e avèk detay, kesyon ajans lokal ak ajans eta yo te poze yo. Biwo Angajman Kominote EFSB a pral kondui yon evalyasyon sou efò mèt pwojè a te fè yo.
10. Ajenda ak nòt ki soti nan tout reyinyon piblik yo, ki dwe enkli antanke yon pati nan aplikasyon yo bay EFSB a.

²³ Bonjan efò pou fè yon reyinyon gen ladan l frape pòt moun, kontakte lekòl piblik/sant granmoun/sant kominote yo, kominike ak kominote a, tankou pa mwayen jounal ki tradui nan lòt lang, bay enfòmasyon nan chenn televizyon lokal, ak apèl ak imèl yo. Pou popilasyon jistis anviwònman yo (EJ) kote youn nan kritè EJ yo ranpli se ke yo pa pale anglè byen, aplikan an dwe ba yo envitasyon alekri ki tradui e yo dwe ofri sèvis entèprèt pandan apèl ak reyinyon yo.

²⁴ Depi yon moun mande sa, Biwo EJ a (oswa disponib pa mwayen yon sistèm done piblik) pral bay aplikan pwojè a yon lis moun ak òganizasyon li ka chwazi kontakte. Aplikan an kapab envite Medyatè 2.0 EFSB a ak anplwaye Biwo EEA EJ yo nan reyinyon yo.

Rezime vòt sou C Rekiz Anvan Aplikasyon an Depoze pou Sant Enèji ki Anba Jirisdiksyon EFSB yo

Dakò	15
Pa dakò	1
Pa vle vote	4
Pa vote	2

D. AMELYORASYON SIPLIMANTÈ YO

Komite a te pale sou kèk lòt amelyorasyon siplimantè, ni sa ki gen rapò ak lejislasyon ni sa ki pa gen rapò ak lejislasyon. Se plis Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo oswa Rezo Nasyonal la ki te sijere chanjman sa yo, e pi ba a yo montre nan ki nivo manm Komite yo te dakò sou chak pwen.

1. Amelyorasyon ki Gen Rapò ak Lejislasyon

a. Ekstansyon pou Pèmi yo

Yo dwe kreye lejislasyon pou bay tout pwojè ki gen delè koneksyon yo yon ekstansyon an rapò ak apwobasyon eta, reyonan, e lokal pandan yon peryòd tan ki rezonab pou konplete koneksyon an. Ekstansyon yo ta aplikab a apwobasyon pwojè ki valab soti 22 oktòb 2020 rive 1 janvyè 2024, e yo ta limite a pwojè ki gen yon aplikasyon oswa yon akò koneksyon aktif.

b. Amelyorasyon Pwosesis Fè Apèl la

Pou redui kantite tan pwosesis fè apèl la pran pou pwojè k ap pase nan pwosesis otorizasyon an anvan gwo amelyorasyon plasman ak otorizasyon yo rekòmande nan dokiman sa a apwouve, gen 2 rekòmandasyon nou pwopoze pou amelyore pwosesis fè apèl la. An premye, se pou ajoute desizyon sou enfrastrikti enèji pwòp yo sou lis pwojè ki elijib pou “sesyon otorizasyon” Tribinal Tè a, selon M.G.L. c. 185 § 3A. Aprezan, pwojè ki elijib yo limite a pwojè ki enplike “25 kay oswa plis, oubyen konstriksyon oswa renovasyon sou 25,000 pye kare tè oswa plis, oubyen toulede.”

Anplis de sa, dezyèm rekòmandasyon an se pou tabli yon pwosesis kote Tribinal Tè a pèmèt yon sèl jij kondui yon evalyasyon pi rapid sou apèl ki ki gen rapò ak pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo. Pwosesis sa a ta ka ede yo tabli yon pwosesis dispit siplimantè e pèmèt gen desizyon annatandan sou afè legal yo.

c. Elijibilite Stokaj Enèji pou Sètifika EFSB

Yo dwe kreye lejislasyon pou pèmèt pwojè stokaj enèji yo kalifye pou yon sètifika enpak sou anviwònman ak yon sètifika enterè piblik anba M.G.L. c. 164 § 69K, pou pèmèt yo simonte refi lokal oswa kondisyon ki twò egzijan yo. Solisyon tanpòre sa a ta aplikab a pwojè k ap pase nan pwosesis otorizasyon an anvan amelyorasyon yo pwopoze yo vin akif.

d. Klarifikasyon sou Otorizasyon DPU pou Liy Tranzmisyon yo

M.G.L. c. 164 § 72 la founi yon pwosesis ki pèmèt mèt pwojè liy tranzmisyon yo chèche otorizasyon nan men DPU pou pran dwa pwopriyete pou soutni nouvo, oswa agrandisman, pwojè tranzmisyon yo. Nan yon jijman li te bay nan ane 1962, Kou Siprèm Lajistis te entèprete § 72 kòm yon rekiz pou itilite yo chèche apwobasyon pou pwojè liy tranzmisyon yo nan men DPU, menmsi yo pa bezwen pran anyen. Entèpretasyon sa a te kontinye menm apre yo te fin kreye Komite Plasman Sant Enèji yo nan ane 1974, ki fè te gen yon pwosesis plasman sipliman pou liy tranzmisyon yo sèlman. Rezo Nasyonal la rekòmande yo ajoute kèk pawòl nan § 72 pou klarifye règ sa a sèlman aplikab lè yo bezwen pran yon bagay pou konplete yon pwojè tranzmisyon, konsa evalyasyon lòt pwojè liy tranzmisyon yo ta tonbe anba EFSB ak ajans anviwònman yo lè sa nesèsè.

Vòt Manm Komite yo sou D.1 Amelyorasyon ki Gen Rapò ak Lejislasyon

	a. Ekstansyon pou pèmi yo	b. Amelyorasyon pwosesis fè apèl la	d. Eljibilite stokaj enèji pou sètifika EFSB	e. Klarifikasyon sou otorizasyon DPU pou liy tranzmisyon yo
Rezime vòt yo				
Dakò	15	10	12	12
Pa dakò	0	2	1	1
Pa vle vote	5	8	7	7
Pa vote	2	2	2	2

Note ke, poutèt limit tan, gen kèk manm Komite yo ki pa t gentan reflechi plis pou decide si yo dakò oswa pa dakò avèk kèk nan pwen sa yo.

2. Amelyorasyon ki Pa Gen Rapò ak Lejislasyon

a. Edikasyon Piblik Atravè Tout Eta a

CECP Massachusetts yo prezante yon opòtinite pou Eta a fè pwomosyon e defann tranzisyon li pral fè a enèji pwòp a rezidan li yo. Eta a ta dwe kòmanse yon kanpay edikasyon piblik pou esplike poukisa nou bezwen enfrastrikti enèji pwòp yo rapid konsa. Yon kanpay konsa dwe mete aksan sou byenfè tranzisyon an, enfòmasyon veridik sou done anviwònman, sante piblik, ak sekirite piblik ki gen rapò ak tranzisyon an, rekonpans ki disponib pou ankouraje moun konvèti a elekrisite, ak opòtinite ki egziste pou moun patisipe.

b. Modèl Règ Zonaj yo

DOER ta dwe kreye yon modèl pou yon nouvo règ minisipal ki trete enèji solè ak stokaj enèji. Li dwe fè sa pou abòde lwa ak règ lokal yo alavans an rapò ak limit otorite, koupe pyebwa, bri, dekòmisyone ak pwojè kanopi yo.

c. Evalyasyon sou Politik Bri MassDEP la

Yo dwe dirije MassDEP la pou l mete ajou politik li sou bri pou abòde diferans ki genyen ant tretman yo bay pwojè ki pwopoze nan zòn andeyò an konparezon ak pwojè yo pwopoze nan zòn vil yo. Politik aktyèl la fè l pi fasil pou plase sètèn kalite enfrastrikti nan zòn ki gen plis bri deja, tankou nan santrevil ak nan kominote ki gen anpil moun ladan yo. Pakont, standa sa a fè l trè difisil pou plase pwojè yo, menm sa ki pa fè anpil bri, nan zòn ki gen mwens bri deja.

d. Sipò Teknik

EAA ak/oswa DOER ta dwe tabli yon pwogram ki fèt pou bay resous teknik a gouvènman minisipal, nasyon tribal, ak òganizasyon kominote k ap sèvi popilasyon jistis anviwònman yo. Anmenmtan, EAA ak/oswa DOER ta dwe tabli yon sant enfòmasyon sou entènèt pou bay enfòmasyon presi e san prejije konsènan enfrastrikti enèji pwòp pou gouvènman minisipal yo. EAA ak/oswa DOER ta dwe tou founi edikasyon ak fòmasyon pou gouvènman minisipal yo. Sipò sa a ta disponib pou soutni gouvènman lokal yo pandan y ap pran desizyon, soutni angajman ak kominote yo, reponn kesyon ki gen rapò ak dokiman DOER yo e bay konsèy konsènan pwoblèm teknik yo, bay konsèy sou pi bon pratik ki genyen, e founi medyasyon enfòmèl lè gen pwoblèm k ap anpeche aplikasyon pèmi lokal yo avanse.

e. Akò Benefis Kominote yo

Biwo Jistis ak Egalite Anviwònman an (Biwo EJ) ta dwe kreye enstriksyon ki aplikab nan tout Eta a sou plan ak akò benefis kominote yo pa mwayen yon pwosesis kote yo angaje ak moun ki enplike yo.

f. Kritè pou Dezinyasyon Kominote Vèt

Komite a rekòmande DOER mete Pwogram Dezinyasyon Kominote Vèt ak Pwogram Bous yo ajou pou yo mache ann amoni ak modèl règ ak enstriksyon ki sijere pi wo yo. Epitou, nou rekòmande DOER evalye lòt opòtinite ki genyen pou soutni ak rekonpanse gouvènman minisipal yo pou ankouraje yo mete bilding minisipal ak teren pakin yo disponib pou enstalasyon sant enèji solè yo, petèt pa mwayen Pwogram Komite Vèt oubyen Pwogram Kominote Lidè Klima yo.

g. Kanopi Solè yo

DOER dwe devlope plis rekonpans pou konstriksyon kanopi solè yo ki kouvri teren pakin ki rive nan yon sètèn gwosè. Rekonpans yo ta dwe enkli, men pa limite a, egzansyon pou perimèt ak kouvèti bilding yo anba kòd konstriksyon ak règ lokal yo; kredi jesyon dlo lapli anba politik dlo lapli MassDEP la, depi teknoloji koulman dlo a mache ak rekiz koulman dlo MassDEP yo. Epitou, Komite a rekòmande DOER devlope yon gwoup entèvansyon pou egzamine ki opòtinite ki egziste pou konstui kanopi solè sou teren pakin gouvènman eta ak minisipal yo kontwòle, toutpandan yo konsantre sou diminye nenpòt fado ki gen rapò ak rekiz pou chèche chak sit youn pa youn. Anplis de sa, Komite a rekòmande gen aksyon egzekitif ki bay enstriksyon sou konstriksyon kanopi solè yo sou teren pakin eta a genyen ki rive nan yon sètèn gwosè (lè sa pratik).

h. Evalyasyon DPU/Pwoesis Apwobasyon pou Koneksyon yo

Delè koneksyon yo se pi gwo obstak ki anpeche yo akselere enstalasyon sant enèji solè ak sant stokaj enèji yo. DPU a dwe egzamine fason li asire moun respekte kantite tan chak etap nan pwosesis la pran, e li dwe analize ki efè sa gen sou apwobasyon koneksyon yo.

i. Evalyasyon sou Amelyorasyon Pwoesis Plasman ak Otorizasyon yo nan 2030

Pandan yo pibliye Kanè Klima pou 2030, Sekretè a dwe tou pibliye yon evalyasyon detaye sou pèfòmans amelyorasyon administratif ak lejislatif yo an rapò ak pwosesis plasman ak otorizasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo ki te kòmanse nan ane 2024. Yo dwe evalye pèfòmans lan selon twa objektif ki site nan Lòd Egzekitif Nimewo 620 an. Si Eta a pa reyisi atenn limit emisyon gaz tèmik yo ki fikse pou 2030 (redui nivo yo a mwatye [50%] nivo ki te genyen nan 1990), Sekretè a dwe pran evalyasyon sou pèfòmans amelyorasyon pwosesis yo an konsiderasyon lè l ap rekòmande ki aksyon Gouvènè a dwe pou suiv pou ede l atenn limit emisyon gaz tèmik yo pou 2040 (75% rediksyon an konparezon ak nivo 1990 yo).

Vòt Manm Komite yo sou D.2 Amelyorasyon ki Pa Gen Rapò ak Lejislasyon

	a. Edikasyon piblik atravè tout Eta a	b. Modèl règ zonal yo	c. Evalyasyon sou politik bri MassDEP la	d. Sipò teknik	e. Akò benefis kominote yo	f. Krite pou deziyasyon kominote vèt	g. Kanopi solè yo	h. Evalyasyon DPU / pwoesis apwobasyon pou koneksyon yo	i. Evalyasyon sou amelyorasyon pwosesis plasman ak otorizasyon yo nan 2030
Rezime vòt yo									
Dakò	18	14	14	17	15	15	15	14	17
Pa dakò	0	0	0	1	1	1	0	0	0
Pa vle vote	2	6	6	2	4	4	5	6	2
Pa vote	2	2	2	2	2	2	2	2	3

E. PWOSESIS TABLI RÈG YO

Lejislasyon an dwe dirije tout ajans ki fè pati gouvènman egzekitif la, e ki enplike nan efò sa a, pou yo kowòdone youn ak lòt an rapò ak kilè chak etap nan pwosesis règ yo dwe fèt, konsa tout règ y ap pwopoze yo ap avanse ansanm pandan pwosesis la, e tout bagay ap fèt yon fason transparan konsènan kòman tout diferan pati nan pwosesis pèmi yo pral konekte ansanm pandan pwosesis tabli règ yo ap dewoule. Anplis de sa, yo dwe dirije ajans ki responsab pibliye règ e devlope enstriksyon yo pou yo rasanble moun ki enplike yo, san wete moun ki enplike nan gouvènman minisipal, anviwònman, klima, izaj tè, jistis anviwònman, enèji pwòp, ak itilite yo, anvan yo kòmanse nenpòt pwosesis fòmèl pou tabli règ yo. Ajans sa yo dwe gen fleksibilite pou deside ki matyè k ap pi byen entegre nan règ oubyen enstriksyon yo.

Men ki ajans k ap responsab pou pibliye règ e devlope kritè ak enstriksyon yo:

1. EFSB: tabli règ ak enstriksyon pou enfrastrikti ki anba jirisdiksyon EFSB, pou nouvo evalyasyon sou desizyon otorizasyon lokal yo, ak pou pèmi rejyonal ak pèmi eta konsolide yo bay pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo ki pa anba jirisdiksyon EFSB e ki kalifye pou pèmi sa yo.
2. DOER: tabli règ ak enstriksyon pou enfrastrikti enèji pwòp yo ki pa anba jirisdiksyon EFSB e k ap suiv yon pwosesis otorizasyon lokal.
3. EEA (ann amoni ak biwo ak ajans ki anba otorite li): devlope yon kad pou plasman apwopriye yo.
4. EEA (sitou biwo EJ ann amoni ak EFSB ak DOER): tabli enstriksyon pou angajman kominote ak Akò Benefis Kominote yo.

Manm komite k ap travay pou ajans eta yo te di l ap pran omwen 18 mwa pou yo pibliye règ sa yo apre lejislasyon an pase. Gen anpil manm komite yo, sitou moun ki gen rapò ak devlopman enfrastrikti enèji pwòp yo, ki te rekòmande pou pwosesis la pa pran tout tan sa.

Rezime vòt sou E Pwosesis Tabli Règ yo

Dakò	16
Pa dakò	2
Pa vle vote	2
Pa vote	2

APENDIS A: VÒT AK KÒMANTÈ MANM KOMITE YO

Vòt ak kòmantè manm Komite sou A.1. Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò ak definisyon “Enfrastrikti tranzmisyon enèji pwòp” e li sede devan lòt manm Komite yo sou definisyon tèm “Enfrastrikti enèji pwòp” ak “Enfrastrikti pou pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp” ak lòt definisyon ki asosye avè yo.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa dakò	Mwen pa dakò ak fraz ki di "Enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon pwòp yo pa gen ladan l nouvo enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon ki konekte enfrastrikti ki pa ranpli kondisyon enfrastrikti enèji pwòp selon definisyon ki nan seksyon sa a..." Objektif komite sa a se pou fè pwosesis plasman ak otorizasyon enfrastrikti an pi fasil. Pozisyon sa a pral deranje objektif sa.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Byenke nou kapab oblije elaji definisyon sa a toutpandan y ap devlope nouvo teknoloji ki kapab akselere tranzisyon an, sanble sa se yon bon kote pou n kòmanse.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	N ap oblije byen vijilan pou asire moun pa pran kloz iii ak iv ki nan premye fraz la pou yo pase sou dezyèm fraz la anba tèm “Enfrastrikti pou tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp.”
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a dakò pou yo tabli definisyon nan lwa eta ki gen rapò ak enfrastrikti enèji pwòp, avèk klarifikasyon yo. Komite a te plis konsantre, yon fason apwopriye, sou bezwen ki pral genyen alavni pou n gen plis enfrastrikti ki baze atè pou enèji solè ak tranzmisyon an. Pi devan, yo dwe konsantre sou byenfè ak enpak diferan kalite stokaj e pwodiksyon enèji genyen, tankou enèji ki soti nan van. Komite a ta dwe klarifye ke sant stokaj pa ponpaj yo dwe tonbe anba otorizasyon eta a, pa anba pèmi lokal konsolide. Sant stokaj pa ponpaj yo tonbe anba Akò Kouran Federal la, e yo dwe pase yon evalyasyon e chèche yon lisans federal nan men Komite Règ Enèji Federal la. Lisans sa a enkli otorizasyon ki soti nan niwo eta a anba Akò Dlo Pwòp la (sètifikasyon 401) – e pou nouvo konstriksyon, anba CWA 404 Enjinyè Kò Lame yo...ak plizyè lòt evalyasyon toujou.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Mass Audubon nan rekòmande ke definisyon enfrastrikti pou tranzmisyon ak distribisyon enèji pwòp la pa enkli “(iii) pwopoze pou asire rezo elektrik la rete fyab e stab; oswa (iv) pral ede sektè bilding ak sektè transpò yo vin konvèti an elektrisite.” Definisyon karakteristik sa yo twò laj, e yo pa dwe sèvi ak definisyon sa yo poukont yo pou jistifye envestisman nan nouvo enfrastrikti ki ta bati san okenn analiz sou altènatif yo.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Mwen apresye plis fleksibilite ki genyen nan definisyon Tranzmisyon ak Distribisyon an
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Dakò, men pou nenpòt lejislasyon ki soti nan rekòmandasyon sa yo ta satisfè manda egalite Komite a, standa evalyasyon EFSB a dwe tou gen ladan l yon

		jijman ke etablisman yo pwopoze a pa t ap ajoute plis chay sou vwazinaj ki gen istwa pote plis fado yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Pa dakò	Nou vrèman bezwen ajoute enèji nikleyè nan lis sa a – konsa, si yo ta otorize yon sant enèji nikleyè isi a, enfrastrikti ki asosye ak sant lan ta pwofite yon pwosesis otorizasyon ki pi vit – kòm refereans, mwen site sa Sekretè Enèji Etazini a, Jennifer M. Granholm, te di yè, 27 mas 2024: “Enèji nikleyè se pi gwo sous enèji zewo kabòn ki egziste, li kreye 100,000 djòb dirèkteman atravè peyi a, ak santèn milye lòt yon fason endirèk.”
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Byenke mwen rekonèt tranzmisyon ak distribisyon (T&D) se bagay nesèsè pou pwojè enèji pwòp (CE) yo, tankou sant enèji solè ak etablisman batri yo, mwen santi ke nati rekiperasyon fon ki asosye ak pwojè sa yo fè l twò difisil pou tabli règ. Moun ki dakò yo ap toujou di ke NENPÒT T&D ki pa konekte dirèkteman ak yon sant enèji konbistib fosil se CE – menmsi sa fè 20 an menm pwojè sa a te gen yon koneksyon a CE. Pakonsekan, yo oblije ekri lejislasyon konsènan angajman kominote, Akò Benefis Kominote (CBA) yo, ak lòt aspè ki aplikab devan toulede tip pwojè – ni pwojè T&D ni pwojè CE yo. Angwo, mwen ta renmen apwouve prèske chak sijesyon nan rapò sa a, men aplike l devan yon sèl kategori pwojè, e pa lòt la. Lè nou mete yo ansanm konsa, sa rann li enposib pou m vote, sa sa k fè mwen pa vle vote.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	

Vòt ak kòmantè manm Komite sou A.2. Rezime sou Diferan Kalite Enfrastrikti Enèji Pwòp yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la apresye chanjman yo te fè nan tab sa a pou pa elaji jiridiksiyon EFSB pou l enkli nouvo tip pwojè yo, e ke yo te chanje langaj ki nan nòt 9 anba paj la. Rezo Nasyonal la tou panse dwe gen yon twazyèm opsyon anplis de opsyon pwopoze yo – pwosesis seleksyon EFSB (obligatwa oswa opsyonèl) ak pèmi lokal konsolide. Ta dwe gen yon twazyèm opsyon pou yon pèmi konsolide ki pa fè pati pwosesis seleksyon an pou enfrastrikti itilite enèji pwòp yo ki pa anba jiridiksiyon EFSB a. Nou apresye ke yo te pale sou pwennvi nou nan Seksyon A.3.f.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa dakò	Nou bezwen tou enkli Sant Enèji Nikleyè nan Pwodiksiyon Enèji Pwòp.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Pa vle vote	Tab 1 byen detaye kote limit yo kòmanse pou bay diferan tip enfrastrikti yo pèmi. Sepandan, fraz ki nan nòt 10 anba paj la konsènan nouvo sant enèji dlo pa ponpaj ak renovasyon sant sa yo pa kòrèk. Yo bezwen chèche pèmi lokal pou fè nouvo konstriksyon ak renovasyon sou sant stokaj enèji pa ponpaj yo.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a dakò pou yo tabli definisyon nan lwa eta ki gen rapò ak enfrastrikti enèji pwòp, avèk klarifikasyon yo. Piske sant enèji solè ak van ki baze atè yo bezwen diferan kantite tè e gen yon enpak diferan sou moun ak lanati, ta dwe gen diferan gwosè limit MW ki aplikab. Komite a ta dwe klarifye ke sant stokaj pa ponpaj yo tonbe anba eta a, e pa anba pèmi lokal konsolide a. Sant stokaj pa ponpaj yo tonbe anba Akò Kouran Federal la e bezwen pase yon evalyasyon e dwe jwenn yon lisans nan men Komite Règ Enèji Federal la. Lisans sa a enkli otorizasyon ki soti nan niwo eta a anba Akò Dlo Pwòp la

		(sètifikasyon 401) – e pou nouvo konstriksyon, anba CWA 404 Enjinye Kò Lamè yo...ak plizyè lòt evalyasyon toujou.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa vle vote	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Mass Audubon nan rekòmande yon limit pou pwojè solè ki pi piti pase 25 MW. Done DOER sou pwojè Standa Potfèy Renouvlab (RPS) Klas 1 yo endike pifò sant enèji solè ki nan eta MA yo pi piti pase 10MW, e sa pap chanje alavni. Epitou, nou panse vil ak kominote yo dwe posiblite pou yo chwazi opsyon pou yo antre nan pwosesis evalyasyon EFSB a, kèlkeswa gwo pwojè a. Si w sèlman gade gwo pwojè poukont li, sa pa sifi pou kalkile enpak potansyèl yon pwojè pral genyen sou kominote ak resous natirèl yo.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo (MACC) dakò pou yo tabli definisyon nan lwa eta ki gen rapò ak enfrastrikti enèji pwòp, avèk klarifikasyon yo. Limit pou pèmi minisipal yo dwe pi piti pase 25 MW, piske sa pral kreye anpil travay pou gouvènman minisipal yo. Anplis de sa, yo ta ka mande kèk egzijans pèmi minim pou ti pwojè enèji solè piti, tankou panno solè sou do kay ak ti pwojè solè ki konstwi nan anviwònman yo pou fè l pi fasil pou moun fè pwojè lakay yo ak lòt ti pwojè enèji pwòp. Sant enèji solè ak van ki baze atè yo bezwen diferan kantite tè e gen yon enpak diferan sou moun ak lanati, e konsa, a dwe gen diferan limit MW apwopriye ki aplikab.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Dakò, men pou nenpòt lejislasyon ki soti nan rekòmandasyon sa yo ta satisfè manda egalite Komite a, standa evalyasyon EFSB a dwe tou gen ladan l yon jijman ke etablisman yo pwopoze a pa t ap ajoute plis chay sou vwazinaj ki gen istwa pote plis fado yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	Mwen panse pifò nan deziyasyon etablisman yo kòrèk.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.3.a Definisyon Enfrastrikti Enèji Pwòp Anba Jiridiksiyon EFSB

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la apresye revizyon ki te fèt an rapò ak seksyon sa a pou abòde enkyetid nou genyen konsènan agrandisman jiridiksiyon EFSB a. Sa pèmèt nou chanje vòt nou pou nou “dakò” ak seksyon sa a.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	

Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Rekòmandasyon ki fèt pou gen yon pwosesis pèmi eta konsolide se yon chanjman total kapital pou Eta a atenn objektif li an rapò ak rediksyon kabòn. Chanjman sa a mache ak chanjman lòt eta yo gentan fè, eta k ap mennen nan lit pou atenn objektif rediksyon kabòn yo. Nou rekòmande pou yo ajoute stasyon ki pa anba jiridiksiyon EFSB yo nan lis sant itilite yo ki gendwa chwazi opsyon pou EFSB a evalye yo.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a sounti yon pwosesis pèmi eta konsolide, avèk kèk egzjans ak klarifikasyon. Piske sant enèji solè ak van ki baze atè yo bezwen diferan kantite tè e gen yon enpak diferan sou moun ak lanati, ta dwe gen diferan gwosè limit MW ki aplikab. Komite a ta dwe klarifye ke sant stokaj pa ponpaj yo ta tonbe anba eta a, e pa anba pèmi lokal konsolide a. Sant stokaj pa ponpaj yo tonbe anba Akò Kouran Federal la e bezwen pase yon evalyasyon e dwe jwenn yon lisans nan men Komite Règ Enèji Federal la. Lisans sa a enkli otorizasyon ki soti nan niwo eta a anba Akò Dlo Pwòp la (sètifikasyon 401) – e pou nouvo konstriksyon, anba CWA 404 Enjinye Kò Lame yo...ak plizyè lòt evalyasyon toujou. Komite a ta dwe detaye ki chemen enfrastrakti enèji pwòp ki pa tonbe otomatikman anba jiridiksiyon EFSB oubyen jiridiksiyon lokal yo dwe suiv pou chèche otorizasyon.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Nou toujou gen menm rekòmandasyon ak kòmantè ki ekri pi wo yo pou chanjman k ap fèt an rapò ak limit pwojè yo. Nou rekòmande yon definisyon presi sou ki sa “chanje anpil” vle di an rapò ak kab tranzmisyon yo.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Pèmi konsolide EFSB a se youn nan pi gwo amelyorasyon ki soti nan rekòmandasyon Komite yo.
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	MACC a souti pwosesis pèmi konsolide a avèk kèk klarifikasyon adisyonèl. Kijan yo pral finalize pèmi konsolide a? Èske opinyon eta a ak gwoup lokal yo pral fè pati pwosesis ki deside ki aspè nan pwogram règ yo ki dwe enkli nan pèmi konsolide a? MACC a ankouraje gouvènman minisipal ak reprezantan anviwònman yo pou yo kontinye patisipe nan pwosesis pèmi konsolide (ak plasman) an.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Leve pou Jistis Sosyal la pa kapab soutni mezi sa yo si pa genyen: -ase kritè pou deside si yon sit apwopriye selon enpak jistis anviwònman an -standa evalyasyon EFSB a ki enkli ni evalyasyon enpak total sou kominote yo ni yon nouvo evalyasyon sou bezwen ki egziste pou yon establisman spesifik.
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Dakò, men pou nenpòt lejislasyon ki soti nan rekòmandasyon sa yo ta satisfi manda egalite Komite a, standa evalyasyon EFSB a dwe tou gen ladan l yon jijman ke establisman yo pwopoze a pa t ap ajoute plis chay sou vwazinaj ki gen istwa pote plis fado yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa dakò	Byenke mwen dakò ak kèk pawòl yo itilize isi a, mwen toujou enkyete pou si nou sèvi ak opsyon EFSB a, n ap jis “kontinye fè menm bagay” epi n ap panse n ap redui kantite tan pwosesis pèmi a pran, jan yo te mande nou fè sa. Mwen gentan di plizyè fwa ke nou pa t konsidere H3215 kòm yon mwayen, petèt menm yon vèsyon revize, pou akonpli misyon Komite a.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.3.b Standa EFSB yo pou Evalyasyon Pwòjè ki Anba Jirisdiksyon EFSB a

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Byenke Rezo Nasyonal dakò ak pifò pati seksyon sa a, nou gen kèk enkyetid konsènan langaj ki nan A.3.b.4 ki di ke enstriksyon sou plasman ki apwopriye yo aplike devan “nenpòt nouvo enfrastrikti enèji pwòp, sof sa ki pwopoze nan yon dwa pasaj ki deja egziste.” San dout, enstriksyon sou plasman apwopriye yo devlope pou gwo pwòjè tankou sant enèji solè ak sant stokaj yo pa t ap apwopriye ni pou pwòjè liy, tankou kab tranzmisyon yo, ni ti pwòjè fiks, tankou stasyon segondè yo. Pou rezon sa yo, Rezo Nasyonal la pa dakò pou yo aplike enstriksyon plasman sant enèji yo a enfrastrikti itilite yo, kit yo sitiye yon kote dwa pasaj la deja egziste, kit se yon lòt kote. Donk, nou rekòmande yo revize A.3.b.4 la pou l mache ak rekòmandasyon ki nan Seksyon B yo, avèk chanjman ki vin apre a: “idantifye plasman ki preferab selon pwennvi plasman enfrastrikti stokaj ak [pwodiksyon] enèji renouvlab.” Rezo Nasyonal la tou soutni ide pou yo pibliye règ yo anvan 12 mwa pase, olye anvan 18 mwa pase.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	Note: nan pwen 3 – Angajman kominote a dwe enkli angajman ak travayè ki pral afekte yo, e yo dwe pran an konsiderasyon anplwaye yo pral bezwen pou konstriksyon, operasyon, ak mentnans sant enèji y ap konsidere yo.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Nou vrèman dakò pou yo devlope standa plasman ak yon sèl pwosesis aplikasyon ki taye selon tip etablisman an. Yo dwe ede ni konpayi k ap devlope pwòjè yo, ni ajans ki nan tout nivo gouvènman an. Apa de sa, nenpòt enstriksyon ki devlope pou gide plasman apwopriye dwe rekonèt ke enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon yo, san wete pwòjè van ki sou lanmè, gendwa oblije travèse oubyen okipe tè ki nòmalman ta preferab pou evite. Evalyasyon EFSB a fè sou sant oswa wout altènatif yo dwe pran an konsiderasyon bezwen itilite ak moun k ap devlope pwòjè yo genyen pou yo fouye kab anba tè, konekte ak nouvo pwodiksyon (Enfrastrikti Enèji Pwòp) CEI yo, sèvi bezwen k ap ogmante nan kominote nou yo, eksetera, e yo dwe sonje ke chwa plasman pwòjè sa yo pi limite pase plasman lòt tip enfrastrikti yo. Anplis de sa, nou pa dakò pou yo ajoute pawòl alavni ki ta egzije tout pwòjè yo nèt evite ajoute fado sou yon kominote. Pawòl konsa ta anpeche yo ajoute nouvo kab tranzmisyon oswa distribisyon, ak lòt bagay ankò, nan vwazinaj sa yo, e sa ta kreye “dezè kouran” (kominote ki pa jwenn kont elektrisite). Yon standa konsa twò ekstrèm. Anfen, yo dwe konsidere peryòd tan 18 mwa pou pibliye règ yo kòm yon dat bilan, pa kòm yon objektif.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a dakò ak plizyè etap yo pwopoze pou yon pwosesis pèmi konsolide, avèk kèk kritè ak klarifikasyon. Konsèvatwa Lanati a kontan wè egzijans pou pwòjè yo angaje ak kominote a e asire plasman an apwopriye antanke yon pati pwosesis anvan aplikasyon an depoze. De egzijans sa yo ansanm, ki trete bonè nan pwosesis plasman ak otorizasyon an, pral founi done syantifik ak konesans kominote pou enfòm plasman ak desen pwòjè a. L ap tou ede kominote ak moun k ap devlope pwòjè sa yo dakò youn ak lòt e evite konfli, ki kapab fè pwosesis pèmi a pran plis tan. Rezilta pwosesis anvan pwòjè a depoze yon aplikasyon an pral ede evite gen enpak negatif ni sou lanati ni sou moun. Nou kontan wè Depatman Lapèch ak Lachas ak Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon yo pral jwe yon wòl nan devlopman enstriksyon ak règ yo, piske yo se ekspè nan domèn divèsite biyolojik, lanati ak stokaj e izolasyon gaz kabòn nan tè Natirèl ak tè Travay yo. Anplis de sa, nou vrèman ankouraje yo enkli nan pèmi eta konsolide a konsiderasyon sou pwen ki site pi

		<p>ba yo, ki pa deja enkli nan règ plasman ak otorizasyon yo. Ta dwe gen otorizasyon pou EFSB jere e adapte devan nouvo pwoblèm ki vini alavni yo. Byenke nou kontan wè sijè sa yo mansyone anba tèm plasman apwopriye a, nou kwè li enpòtan pou n klarifye sous lwa, politik, ak plan Massachusetts konsènan pwèn suivan yo: • Objektif lwa NextGen RoadMap la genyen pou Zewo Kabòn mande pou gen izolasyon ak stokaj kabòn nan Tè Natirèl ak Tè Travay yo. Sa fè pati objektif, politik ak pwogram pwoteksyon, jesyon ak restorasyon tè yo ki nan Plan Enèji Pwòp ak Kliman yo (2025/30 ak 2050), Forè Kòm Solisyon Klima, Inisyatif Tè Rezistan yo, ak Plan Aksyon Sòl Ansante a. • Objektif Eta a konsènan pwoteksyon ak resorasyon divèsite biyolojik anba Lòd Egzekitif 618 administrasyon Healey-Driscoll, Konsèvasyon Divèsite Biyolojik Massachusetts la ak itilizasyon done sou abita animal yo ki soti nan BioMap pou defini objektif sa yo. • Objektif Eta a pou adaptasyon ak rezistans ki idantifye nan Evalyasyon Klima Massachusetts la, e ki rekòmande nan Plan Rezistans Mass, ak Zouti Kat Jeyografi pou Standa ak Desen Rezistans yo. • Lwa Jistis Anviwònman Eta a ki egzije yo konsidere enpak total ki gen sou rezidan yo ak sou popilasyon jistis anviwònman yo</p>
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	<p>Mass Audubon nan dakò ak devlopman yon seri standa konsolide pou evalye pwojè yo. Epitou, nou dakò ke Depatman Lapèch ak Lachas la se youn nan ajans eta k ap fè pati pwosesis eta a. Piske nouvo enfrastrikti enèji yo pral bezwen jwenn aksè a milye kawo tè, l ap enpòtan anpil pou gen pi bon ekspè abita animal eta genyen yo enplike nan devlopman enstriksyon yo. An rapò ak enstriksyon sou plasman apwopriye (4), nou dakò yo dwe konsidere pwèn sa a anvan aplikasyon an depoze, men tou, li dwe yon kondisyon pou resevwa yon pèmi selon pwosesis pèmi lokal ak evalyasyon EFSB a. Epitou, enstriksyon sou plasman apwopriye yo dwe aplikab devan tout CEI yo, pa sèlman enfrastrikti pwodiksyon ak stokaj yo.</p>
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	<p>Mwen kwè yon peryòd tan ki dire 18 mwa pou tabli règ ak enstriksyon yo pa koresponn ak ijans ki gen kounye a. Mwen rekòmande pou yo redui peryòd tan sa a a 12 mwa. Mwen dakò yo dwe konsidere enpak total yo (men li pa dwe sèvi kòm yon zouti veto) lè y ap otorize enfrastrikti enèji pwòp nan kominote ki gen twòp fado yo. Detay yo enpòtan, ni fason nou defini enpak total, ni fason nou kontwòle yo, sitou nan kominote k ap pote twòp fado yo.</p>
Dorothy McGlinicy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	<p>MACC a dakò ak anpil etap yo pwopoze pou pwosesis pèmi eta a, men dwe gen plis klarifikasyon. Èske tout ajans ki konn bay pèmi kounye a pral fè pati pwosesis desizyon pou pèmi konsolide a? Èske pwosesis la pral gen yon pòsyon kote manm piblik yo ka fè kòmantè? Nou kontan wè plasman apwopriye ak angajman kominote fè pati pwosesis anvan aplikasyon depoze a. Dwe gen plis klarifikasyon pou n asire yo pa inyore plasman an nan pwosesis pèmi konsolide a.</p>
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	<p>Mwen enkyete pou aspè konsiltasyon ak kominote a pa jis tounen yon egzèsis sipèfisyèl, jan lòt kòmantè yo mansyone sa. Leve pou Jistis Sosyal la espere wè Biwo Jistis ak Egalite Anviwònman (OEJE) jwe yon wòl ki pi enpòtan nan devlope standa sa yo.</p>
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Pa dakò	<p>Seksyon sa a manke detay sou standa evalyasyon EFSB a. Pou nenpòt lejislasyon ki soti nan rekòmandasyon sa yo ta satisfè manda egalite Komite a, standa evalyasyon EFSB a dwe tou gen ladan l yon jijman ke etablisman yo pwopoze a pa t ap ajoute plis chay sou vwazinaj ki gen istwa pote plis fado yo.</p>
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	<p>Yo dwe konsidere kòman yo kapab enkli langaj lejislatif pou redui peryòd tan sa ap pran pou pibliye règ yo pou li ka dire mwens ke 18 mwa yo pwopoze kounye a.</p>
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	

John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	Mwen dakò, men kantite tan sa ap pran dwe pi piti pase 18 mwa yo pwopoze a. Nou pa gen 18 mwa pou n tann pou n aplike kèk nan inisyatif sa yo si nou vle atenn objektif klima nou yo.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Li sonnen byen, men depi opinyon kominote a pa vrèman gen yon gwo enpak nan pwosesis desizyon an (kritè yo itilize pou fè desizyon yo), se komsa rekiz sa a se jis yon bagay yo fè pou koche yon kare. Kritè ki sèvi kòm baz desizyon an dwe enkli konsèp evalyasyon sou enpak total – sepandan, eta a gen definisyon diferan pou chak domèn – lè, dlo, izaj tè, eksetera. Pou angaje ak kominote a, tanpri sèvi ak rekòmasyon ki deja site nan rapò Biwo Konsèy Jeneral (AGO) sou plasman an, ki teni kont de pwennvi moun ki afekte yo.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.3.c Pwosesis EFSB Revize a

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò an jeneral ak pwosesis yo esplike nan A3(c), san sete apwobasyon konstriksyon ak apèl a Kou Siprèm Lajistis (SJC), men nou mande pou apèl yo rive devan kou konplè a, pa devan yon sèl jij.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	Mwen pa konnen si m dakò ak peryòd tan ki dire 6-15 mwa nan pwen 4, ak “y ap konsidere pwojè a gen apwobasyon pou kòmanse konstriksyon” nan pwen 6 “si EFSB a pa remèt yon desizyon pandan kantite tan tabli a”. Nan Seksyon “C. Avèti piblik la sou pwojè a” “manm kominote ki afekte yo” dwe gen ladan l òganizasyon travayè, prezizeman “Konsèy Travayè Santral Zòn Lokal” yo.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Nou dakò ak strikti fondamantal pwosesis pwopoze a, menmsi nou pa dakò ak tout detay yo. Pa egzanp, anvan pwosesis EFSB a kòmanse, dwe gen plizyè reyinyon piblik nan chak jiridiksiyon kote yo pwopoze konstui pwojè a. Apre sa, pral gen yon odyans piblik EFSB epi yon opòtinite pou moun vizite sit la e entèvni ak pwosesis la. Apre pwosesis evalyasyon ak odyans EFSB a fini e yo fèmen dosye evidans lan, yo ba yon Desizyon Preliminè. Yonfw ankò, yo envite “endividyèl oswa gwoup ki enterese yo” voye kòmantè alekri. Sa piblik la gendwa pa konprann, se ke menm apre etap sa lè yo fèmen dosye a e yo gentan resevwa kòmantè sou Desizyon Preliminè a, rekòmasyon an se pou Komite Plasman an mande yon lòt sesyon kòmantè pandan reyinyon li fè pou diskite Desizyon Preliminè a. Nou dwe gen objektif pou asire gen patisipasyon valab, pa pou n gen patisipasyon ki pa valab oswa ki pa janm fini. Dwe gen patisipasyon ak enfòmasyon ki pataje anvan ak pandan y ap kreye dosye evidans lan.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a ta dakò sipòte yon pwosesis pèmi eta konsolide avèk kritè ak chanjman ki vin apre yo. Sitou, anba pwosesis pèmi eta konsolide a, yo dwe kenbe otorite ajans anviwònman, ak lwa ak règ yo, ki deja egziste yo, e otorite sa a pa dwe diminye. Dwe gen yon opòtinite pou lòt ajans eta yo ki founi rekòmasyon sou kondisyon otorizasyon yo pou yo fè pati premye pas desizyon final la. Sa aplikab sitou pou egzijans – e nan kèk ka, plis tan ki nesèsè – pwogram federal yo ki anba Akò Espes an Danjè ak Akò Dlo Pwòp yo. Nou vrèman ankouraje yo fè egzijans yo pi strik pou evite, minimize, ak redui enpak ki gen ni sou moun ni sou lanati. Nou rekòmande yo chanje Seksyon G, pwen (d) ki di “mezi ak aksyon yo dwe pran pou limite enpak sou moun ak lanati” pou li di “mezi ak aksyon yo dwe evite, minimize, ak redui enpak sou moun ak lanati.” Byenke nou soutni konsèp apwobasyon konstriksyon an, nou pa kapab soutni sa yo pwopoze a san pa gen yon espikasyon ki gen plis detay ladan l e san yo pa elabore sou sa sa enplike. Anba pwen #6, nou kwè dwe gen yon “vann sekirite” ki pwolonje peryòd tan an lè gen pwoblèm sanzatann ki fè pwosesis pèmi a pran plis tan, pwoblèm ki pa fèt ajans eta oswa gouvènman

		minisipal yo. Lè gen plizyè pwojè ki pwopoze nan yon sèl kominote, anmenmtan oswa atravè yon peryòd tan, dwe gen yon evalyasyon sou enpak total la e yo dwe aplike yèrachi mitigasyon ki gen rapò ak enpak total yo.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa dakò	MMA a dakò ak konsèp seksyon sa a, men li gen kèk pwoblèm ak plizyè pwen siplimantè yo ki ta mete yon fado sou gouvènman minisipal e ki ta retire opòtinite pou evalyasyon ak apwobasyon lokal. Kèk nan fado sa yo gen ladan yo: retire opòtinite pou gouvènman lokal yo bay otorizasyon plasman, limite opòtinite pou kominote yo devlope MOA yo, mankman pouwwa pou kondisyon pèmi yo rekòmande, ak mankman garanti pou pèmèt gouvènman minisipal yo bay rekòmandasyon konsènan kondisyon otorizasyon yo. Nou gen plis pwoblèm toujou avèk pwen A.3.c.12 (paj 17) konsènan kapasite pou yo fè apèl sou desizyon EFSB yo devan yon sèl jij Kou Siprèm Lajistis Massachusetts, ak "Apwobasyon Konstriksyon" ki nan pwen A.3.c konsènan kapasite entèvenan genyen pou fè apèl sou apwobasyon konstriksyon devan yon sèl jij Kou Siprèm Lajistis Massachusetts. Komite a pa t diskite ase si yo dwe fè apèl devan yon sèl jij oubyen devan SJC konplè a.
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Mass Audubon nan dakò anpil pou yo tabli yon pwosesis ki pi fasil e pi rapid pou evalye pwojè ki nesèsè pou redui kabòn nan sektè kouran nou an pa mwayen yon pwosesis konsolide pou evalye e apwouve pèmi eta ak pèmi federal yo, yon pwosesis k ap redui repetisyon ak doub travay. Sepandan, li esansyèl pou yo obeye tout règ anviwònman ki egziste deja yo pandan pwosesis sa a, pou yo enkòpore tout politik ak pwoteksyon konsènan divèsite biyolojik ak tè natirèl k ap vini yo, e pou yo bay yon kantite tan sifizan pou fè apèl. Anplis de sa, kad sa a dwe avanse apwòch aktyèl nou pou CEI anpil, lè li esplike an detay ki zòn ki preferab e ki pa preferab pou nouvo sit CEI yo – pwoteksyon tè natirèl ak tè travay yo, sòl an sante yo, ak divèsite biyolojik se objektif Eta a genyen, men poko gen kòd fòmèl ki defini objektif oswa politik presi pou bagay sa yo, men apwòch sa a dwe teni kont de objektif sa yo. Epitou, yon apwòch konsa dwe redui enpak ki genyen sou byen piblik sa yo. Ni nan nivo otorizasyon eta ni nan nivo otorizasyon lokal, apwòch sa a dwe apiye bezwen ki genyen pou nouvo enfrastrikri T&D yo, e li dwe konsidere fòmèlman total enpak nouvo devlopman sa yo ap gen sou kominote yo. Anfen, nou rekòmande yo pwolonje kantite tan ki genyen pou fè yon apèl pou l rive nan 30 jou. Anplis de sa, nou pa konnen si se yon bon ide pou itilize yon sèl jistis nan Kou Siprèm Lajistis la – Komite a pa t pale sou sa ditou, donk nou sezi wè li nan dokiman sa a.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Mwen kwè yon peryòd tan ki dire 18 mwa pou tabli règ ak enstriksyon yo pa koresponn ak ijans ki gen kounye a. Mwen rekòmande pou yo redui peryòd tan sa a a 12 mwa.
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	MACC a dakò ak pifò pawòl nan rekòmandasyon sa a, e nou dakò pou n soutni yon pwosesis pèmi eta konsolide, avèk kèk klarifikasyon yo: - Ta dwe gen yon sipozisyon refitab sou kondisyon pèmi ajans eta yo rekòmande ki pèmèt kondisyon sa yo enplike nan desizyon final yo. – Yo dwe respekte lwa ak règ anviwònman yo ki deja egziste, yo pa dwe diminye oswa inyore lwa sa yo pandan pwosesis konsolidasyon an.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Leve pou Jistis Sosyal la pa kapab dakò ak pwen sa a paske li pa masyone ni total enpak yo ni yon analiz sou bezwen ki gen pou enfrastrikri sa yo antanke yon pati nan standa evalyasyon EFSB yo. Sijè total enpak yo te jwe yon gwo wòl nan diskisyon nou, e eta a bezwen pran san l pou l kreye yo definisyon ak standa pou evalye total enpak yo. Leve pou Jistis Sosyal, tab EJ a, ak anpil lòt moun yo pare pou n ede yo devlope e mete sou pye zouti konsa. Nou pa kapab kontinye fè menm erè toutan kote nou wè pwojè enfrastrikri ak pwojè rezo yo kòm pwojè endividyèl, e nou pa gade total enpak pwojè sa yo genyen lè w mete yo ansanm ak lòt devlopman k ap fèt nan menm zòn nan.
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvasyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Dakò, men pou nenpòt lejislasyon ki soti nan rekòmandasyon sa yo ta satisfè manda egalite Komite a, standa evalyasyon EFSB a dwe tou gen ladan l yon

		jijman ke etablisman yo pwopoze a pa t ap ajoute plis chay sou vwazinaj ki gen istwa pote plis fado.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	Mwen dakò, men kantite tan sa ap pran dwe pi piti pase 18 mwa yo pwopoze a. Nou pa gen 18 mwa pou n tann pou n aplike kèk nan inisyatif sa yo si nou vle atenn objektif klima nou yo.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Nou opoze nenpòt efò y ap fè pou diminye oswa konsolide patisipasyon piblik la nan pwosesis la. Se yon bagay ki trè difisil pou yon moun ki pa gen eksperyans nan domèn nan vin tounen yon entèvenan. Konsa, opòtinite pou moun ki enterese yo (men petèt ki pa entèvenan yo) ofri kòmantè (A.3.c.17), se yon bagay nou dwe apresye e nou kenbe posibilite a. Epatou – standa evalyasyon yo dwe enkli yon analiz ak yon deklarasyon klè sou bezwen ki gen pou pwojè sa yo ak total enpak ki pral genyen sou kominote ki deja ap pote gwo fado – san wete kominote nan santrevil yo ki deja ap pote fado asyèn enfrastrikti yo, ak kominote andeyò yo ki deja ap pote fado majorite sant enèji solè yo, an konparezon ak rès eta a.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Pa vle vote	Mwen Bezwen plis klarifikasyon sou seksyon H.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.3.e Sipò Finansye pou Entèvenan yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Deklarasyon sa a byen rezime sipò jeneral manm Komite yo bay an rapò ak sipò finansye pou entèvenan yo, toutpandan yo pa dakò sou ki metòd ak ki fon yo dwe itilize pou bay sipò sa a. Rezo Nasyonal la rekòmande lejislasyon a gade lòt eta ki gentan tabli sipò finansye pou entèvenan yo pou li idantifye kèk modèl li ka suiv pou finans sipò entèvenan pa li.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa dakò	Byenke mwen dakò dwe gen sipò finansye ak sipò teknik disponib pou ti kominote piti ki pa gen kont anplwaye ak eksperyans pou byen akonpli fonksyon enpòtan sa yo, mwen pè pou òganizasyon ki pi sofistike yo pa itilize pifò nan fon sa yo pou apiye pwogram ki deja egziste yo e k ap mache kont objektif ki gen pou fè pwosesis plasman ak otorizasyon sant enèji yo a pi fasil.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	Dwe gen plis diskisyon sou plan, elijibilite, sous fon yo, ak fason pou rekipere depans yo anvan yo kapab tabli lejislasyon sou rekiz yo.
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Pa vle vote	Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo vrèman ankouraje yo bay gouvènman minisipal ak gwoup kominote yo sipò teknik pou ede yo konprann teknoloji enèji pwòp yo ak risk ki genyen (menmsi risk yo pa anpil). Gwoup Konsèy la tou panse sa ka ede ni aplikan yo, ni EFSB a, ni entèvenan yo si te gen yon moun ki gen eksperyans disponib pou konseye entèvenan ki pa abitye ak pwosesis EFSB a. Sepandan, pandan tout mwa Komite a t ap pale yo, moun k ap defann ide “sipò finansye pou entèvenan yo” pa t janm esplike konbyen lajan y ap chèche, kiyès ki t ap responsab peye fon sa yo, kiyès ki t ap chwazi moun oswa gwoup ki kalifye pou resevwa fon sa yo, kòmman yo ta asire pwosesis sipò finansye a pa mete plis delè nan pwosesis pèmi a, kòmman yo ta rezoud dispit sou kiyès ki reyisi oswa pa reyisi resevwa fon sa yo, si mèt pwojè yo t ap elijib oswa sèlman opozan yo, poukisa sa pa t ap gen yon enpak negatif sou fason endistri solè ak batri yo wè MA antanke yon kote yo vle chwazi pou devlope pwojè yo, eksetera. Pakonsekan, antanke yon gwoup, Gwoup Konsèy la twouve konsèp sa a twò enkonplè, e moun pa konprann li ase, pou yo ta konseye Komite a kontinye ak lejislasyon sou sa pou kounye a. Manm Gwoup Konsèy yo ap kontan travay ak Biwo Prokirè Jeneral la, manm Komite yo, ak Administrasyon an, pou wè anba ki sikonstans, e pou ki kalite pwojè, konsèp sa a ta apwopriye.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	

Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a dakò avèk yon apwòch ki pi laj konsènan sipò entèvenan ak sipò kominote ki enkli plis detay sou ki tip sipò teknik ak sipò finansye ki t ap disponib, tankou: 1. sipò angajman (ranbousman, sèvis tradiksyon, ak pwogram reyinyon fleksib); 2. sèvis konsiltasyon pou ede yo entèprete done ak pwosesis pèmi yo; 3. ak sipò legal pou yo entèveni.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Anba pwosesis otorizasyon yo pwopoze a, gouvènman minisipal yo pral reponsab otorizasyon pifò pwojè solè yo – pa gen anpil pwojè solè ki pral rive nan limit jiridiksiyon EFSB yo. Konsa, li enpòtan anpil pou gouvènman minisipal ak gwoup kominote yo gen opsyon pou yo enplike EFSB epi jwenn sipò finansye pou patisipe nan pwosedi yo. Epitou, kominote ki deja gen plizyè douzen pwojè nan zòn yo dwe gen posiblite chèche soulajman nan men EFSB pou yo konsidere total enpak pwojè siplimantè y ap pwopoze yo pral genyen.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Sipò finansye pou entèvenan yo pral mande gen enstriksyon klè sou kalifikasyon yo ak limit fon yo, ni pou endividyèl ni pou bidjè anyèl la.
Dorothy McGlinchy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	Pèmi lokal yo pral siyifi anpil travay anplis pou gouvènman minisipal yo. Selon pwosesis otorizasyon lokal yo pwopoze a, gouvènman minisipal yo pral responsab otorizasyon pifò pwojè solè yo – prèske pa gen okenn pwojè solè ki pral rive nan limit pou antre nan jiridiksiyon EFSB otomatikman. Gouvènman minisipal yo pral bezwen sipò teknik ak sipò finansye.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Dakò ak komantè John Walkey a
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	EFSB a dwe travay ansanm ak Biwo Prokirè Jeneral la pou devlope yon metòd sipò finanyèl pou moun k ap entèveni yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	Dakò avèk sipò finansye – mwen sijere yo tabli yon fòmil/limit.
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	Nou bezwen pridan anpil nan kiyès nou bay sipò sa ak kòman nou jwenn fon pou li. Nou dwe asire nou pa jis fè moun k ap peye bil kouran yo soutni tout efò sa yo e pou n pa fè pri bil yo monte plis toujou.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Sa se yon pwen enpòtan e Biwo Prokirè Jeneral la deja gentan rasanble moun ki enplike yo pou egzamine pwogram lòt eta yo tabli pou ede n evite pwoblèm e kreye yon pwogram ki efikas e ki mache byen pou Eta a. Li enpòtan pou n fè l yon fason ki ankouraje egalite e ki pa ankouraje moun opoze yon pwojè jis paske yo renmen fè tout bagay difisil. Nou konprann enpòtans pou n gen limit, e nou kwè gen plizyè solisyon ki pa twò chè, men ki kapab amelyore pwosesis la.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	Byenke mwen dakò ak prensip bay sipò finansye ak teknik a entèvenan yo, li enpòtan pou n asire sipò sa disponib sèlman pou entèvenan ki pòv, kominote EJ, ak Òganizasyon Kominote (CBO) yo. Anplis de sa, limit pou moun k ap chèche sipò entèvenan an pa dwe tèlman wo pou yo pa anpeche entèvenan yo chèche sipò.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.3.f Pèmi Rejyonal ak Pèmi Eta Konsolide pou Pwojè ki Pa Anba Jiridiksiyon EFSB yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la apresye ke seksyon sa a admèt dwe gen plis rechèch sou opsyon otorizasyon ki pa anba jiridiksiyon EFSB yo. N ap kontan travay ansanm ak Administrasyon an ak lòt moun ki enplike yo sou pwèn sa a.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Ta renmen wè yon pwosesis non-seleksyon an, tankou yon pèmi jeneral pou etablisman sa yo, depi yo pap gen anpil enpak nan zòn nan.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Pa vle vote	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Pa vle vote	Konsèvatwa Lanati a bezwen plis klarifikasyon ak espikasyon anvan nou ka ekspriye yon opinyon.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa vle vote	Komite a pa t pale ase sou sijè sa a. Piske nou pa t gen ase tan pou n analize seksyon an, pale sou pwojè ki ta tonbe anba tip de evalyasyon sa a, oswa konprann konsekans yo, Asosyasyon Minisipal Massachusetts la pa dakò pou seksyon sa a fè pati rekòmandasyon final yo.
Michelle Manion, Mass Audubon	Pa vle vote	Yo te pwopozè seksyon sa a twò ta nan pwosesis la pou te gen kont diskisyon sou li.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Mwen kwè yo pa dwe limite demonstrasyon "difikilte" a sèlman a pwojè konpayi itilite yo.
Dorothy McGlinchy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	Dwe gen plis klarifikasyon anvan MACC kapab bay opinyon l.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Mwen twouve l yon tijan dwòl pou m wè pwèn sa antre nan dokiman final vòt la, piske yo te sòlve pwèn sa trè ta. Pa t gen kont diskisyon sou kapasite ak wòl ajans ak gouvènman minisipal yo ap jwe.
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Pa vle vote	Yo te sòlve pwopozisyon an twò ta nan pwosesis Komite a e gen anpil kesyon san repons konsènan kapasite EFSB ak wòl lòt ajans ak gouvènman minisipal yo ap jwe.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	Kenbe jiridiksiyon pwopozè a e klarifye/ajoute pawòl pou fè l menm jan ak lòt rekòmandasyon jiridiksiyon/otorizasyon yo, tankou: "Lejislasyon an ta dwe pèmèt pwojè pwodiksyon ak stokaj enèji pwòp ki pa anba jiridiksiyon EFSB a e ki bezwen youn oswa plizyè pèmi rejyonal oubyen pèmi eta yo, fè aplikasyon devan EFSB pou yon pèmi konsolide ki kouvri tout pèmi eta ak pèmi rejyonal yo, e yo dwe founi apwobasyon konstriksyon si EFSB a pa remèt yon disizyon anvan 6 mwa pase."
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	Enfrazrikti ki asosye ak resous enèji pwòp yo dwe konplete san pèdi tan.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Yo te leve sijè sa a trè ta nan pwosesis la, e mwen santi ke pa t gen ase tan pou analize l, sitou an rapò ak kapasite EFSB a, ak kijan lòt ajans eta ak gouvènman minisipal yo ta fonksyone avè l.
Lizzi Weyant, Metropolitan Area Planning Commission	Dakò	

Vèt ak kòmantè manm Komite yo sou A.4. Pèmi Lokal Konsolide ak A.4.a. Enfrastrikti Enèji Pwòp ki Pa Anba Jirisdiksyon EFSB a

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò pou gen yon opsyon lokal an jeneral, men sèlman si aplikan an gen opsyon pou antre oubyen soti nan pwogram nan selon preferans li.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Chanjman sa total kapital paske li fè gen yon sèl apèl pou tout pèmi lokal yo a yon sèl jisits Kou Siprèm Lajistis, olye pou gen plizyè apèl nan plizyè nivo sistèm jidisyè a, ki kapab gen potansyèl dire 4 an oubyen plis. Yo dwe chanje rekòmandasyon sa a pou l di "Pèmi konsolide senp sa a dwe enkli tout pèmi lokal yon pwojè enfrastrikti enèji pwòp ta bezwen nòmalman pou l kòmanse konstriksyon AK OPERASYON." Sa ta mache ak objektif pèmi eta konsolide a, jan yo esplik sa nan Seksyon A.3. Epitou, yo dwe sibstitye tèm "Pa Anba Jirisdiksyon EFSB a" pou "Anba Jirisdiksyon Lokal." Tèm "Pa Anba Jirisdiksyon EFSB a" pi byen reflekte ke pwojè sa yo gendwa bezwen apwobasyon lokal, eta, ak/oswa rejyonal, pa sèlman apwobasyon lokal.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	Kenbe kontwòl lokal, anba enstriksyon klè revizyon dover a, pwoteksyon yo bay ni ASTGU yo (Inite Tarif pou Pwodiksyon Enèji Solè sou Tè Agrikòl) nan paragraf 1 MGL 40A s3 (selon paragraf (d) seksyon 2A chapit 61a) ni lòt pwojè solè yo nan paragraf 9 MGL chapit 40A s 3. Anplis de sa, yo dwe fè efò pou asire ASTGU yo tonbe anba egzansyon agrikilti selon akò pwoteksyon marikaj yo, e anba lwa pwoteksyon marikaj ki egziste pou agrikilti.
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Piske sant enèji solè ak van ki baze atè yo bezwen diferan kantite tè e gen yon enpak diferan sou moun ak lanati, ta dwe gen diferan gwosè limit MW ki aplikab. Komite a ta dwe klarifye ke sant stokaj pa ponpaj yo pa tonbe ni anba eta a ni anba pèmi lokal konsolide a. Sant stokaj pa ponpaj yo tonbe anba Akò Kouran Federal la e bezwen pase yon evalyasyon e dwe jwenn yon lisans nan men Komite Règ Enèji Federal la. Lisans sa a enkli otorizasyon ki soti nan niwo eta a anba Akò Dlo Pwòp la (sètifikasyon 401) – e pou nouvo konstriksyon, anba CWA 404 Enjinyè Kò Lame yo...ak plizyè lòt evalyasyon toujou. Lè gen plizyè kalite pwojè yo pwopozè nan yon sèl kominote, swa anmenmtan swa pandan yon peryòd tan, yo pral fè yon analiz sou enpak total e yo pral aplike yèrach mitigasyon ki gen rapò ak enpak la.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa dakò	Asosyasyon Minisipal Massachusetts la pa dakò ditou avèk seksyon sa a nan rekòmandasyon Komite yo. Nou vrèman ankouraje Komite a, ansanm ak lidè lejislatif ak egzekitif yo, konsidere pito yon opsyon pèmi lokal konsolide pou gouvènman minisipal yo. Pou rekonpanse gouvènman minisipal ki chwazi patisipe nan pwogram sa a, Komite a rekòmande ba yo sipò finansye. Rekonpans gendwa gen ladan yo, men pa limite a, fon mitigasyon pou kominote yo, bous pou elaji kapasite lokal, èd pou kondui sesyon angajman ak kominote yo, ak fon pou pwogram sipò teknik ki gen rapò ak pwojè yo, petèt pa mwayen Pwogram Kominote Vèt oubyen Pwogram Kominote Lidè Klima yo. Epitou, Komite a rekòmande yo asire gen kont anplwaye apwopriye nan nivo eta a pou asire pwogram nan byen kòmanse.
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Mwen pa kwe konsolidasyon pèmi lokal yo pou pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo dwe "opsyonèl".
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	MACC a dakò pou yo fè pwosesis pèmi lokal la pi fasil, men sèlman si gen rekonpans pou pwosesis plasman ak otorizasyon lokal la; anplis de sa, dwe gen plis klarifikasyon konsènan pèmi lokal konsolide a. Gen anpil egzijans teknik ak egzijans tan ki pral fè gen plis travay pou ofisye minisipal yo, e gen

		<p>anpil nan ofisye sa yo ki se volontè. Petèt limit solè ki se 25MW gendwa twò gwo pou gouvènman minisipal yo jere, e piske pifò pwojè solè yo pral tonbe nan kategori sa, sa pral vle di anpil travay anplis pou komite minisipal yo atravè eta Massachusetts. Epitou, gwosè yon pwojè pa menm ak enpak li genyen: yo kapab pwopoze 2 nouvo teren panno solè a yon lòt vil ki deja gen 15 teren panno solè, e sa t ap gen plis enpak pase si yo ta pwopoze 2 nouvo pwojè solè a yon vil ki poko gen okenn pwojè solè. Yo bezwen abòde sijè rekonpans yo. MACC a enkyete pou gen yon enpak negatif sou pèmi marikaj, se yon pèmi eta men se gouvènman lokal ki remèt li. Fòk nou pale plis sou sa. Pa egzanp, kiyès ki pral kowòdone oubyen mennen pwosesis pèmi lokal la? Si pa gen kont resous finansye ak teknik, pwosesis pèmi lokal la gendwa pran echèk poutèt pwosesis la twò lou pou yo jere. Ki jan yo pral aplike Lwa Reyinyon Ouvri a? Èske tout komite minisipal yo pral reyini anmenmtan, oubyen èske chak Komite pral reyini poukont li? Sa ki bon pou youn gendwa pa bon pou lòt. Men yon lòt pwoblèm: Ki sa k pral rive ti pwojè piti yo sou do kay oswa nan lakou moun? Èske aplikan an pral oblije suiv menm pwosesis ak pwojè 25MW yo? Nou ankouraje gen fleksibilite, plis diskisyon, ak yon pwosesis ki enkli plis rekonpans ak opsyon. Anfen, se gouvènman minisipal lokal yo ki plis konprann sa k ap fèt nan kominote yo, e gen bonjan rezon ki fè yo te tabli lwa ak règ lokal yo. Fòk gen plis diskisyon pou klarifye pwosesis sa a.</p>
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Standa angajman piblik ak konsiderasyon sou total enpak yo dwe mache ann amoni ak pwosesis EFSB yo pou asire pa gen inegalite.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa vle vote	Yo bezwen pale plis ak gouvènman minisipal yo sou sa, men se yon pati enpòtan nan nouvo pwosesis y ap pwopoze a.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Konsolidasyon sanble yon bon ide, men nou dwe chèche fason pou n asire yo pwofite konesans ak eksperyans otorite lokal yo nan pwosesis EFSB a.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	Byenke mwen dakò kreye yon chemen ki mennen nan yon pwosesis lokal konsolide, anmenmtan fòk gen sipò adisyonèl pou gouvènman lokal yo. Pa egzanp, yo dwe tabli yon Divizyon Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji ki pral tabli standa klè pou gouvènman lokal yo analize, ofri sipò teknik a vil yo pou soutni yo pandan y ap mete yon pwosesis konsolide sou pye, e fè pwomosyon rekiz yo anba nouvo pwosesis la.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.4.b. DOER Divizyon Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa vle vote	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	DOER se yon bon chwa pou fè aksyon sa a piske li gen anpli eksperyans nan jesyon pwogram pwodiksyon enèji pwòp yo e li abitye ak difikilte gouvènman minisipal ak mèt pwojè yo konn rankontre anba Pwogram Kominote Vèt la.

Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a vrèman dakò pou yo tabli DOER Divizyon Plasman ak Otorizasyon Sant Enèji yo. Soutyen DOER ap esansyèl pou ede kominote ki pa gen ase kapasite ak resous.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa vle vote	Nou soutni seksyon sa a, men nou pa kapab dakò avè l nèt si li pa enkli yon opsyon lokal pou gouvènman minisipal yo gendwa adopte pou bay CEI yo pèmi konsolide.
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Mass Audubon nan dakò pou tabli e finanse yon nouvo divizyon plasman sant enèji pwòp yo anba DOER. Nou rekòmande yo bay anplwaye ki soti nan lòt ajans ki gen eksperyans nan domèn pwoblèm anviwònman, objektif eta a pou tè natirèl ak tè travay yo, divèsite biyolojik, enpak EJ ak zonaj yo, sipò finansye pou yo kapab ede nouvo divizyon an lè sa nesèsè. Piske gen kèk vil ki deja ap pote plis fado pou enfrastrikti enèji yo e ki bezwen plis sipò, nou rekòmande kowòdonatè rejyonal yo kouvri tout teritwa a nèt, olye pou yo jis rete nan yon sèl rejyon.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlinicy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	MACC a dakò ak pwosesis sa a, men dwe gen plis klarifikasyon pou montre kòman DOER kapab soutni kominote ki manke resous yo. Ta dwe gen swa yon Ekspè Enèji Itineran swa lòt moun pou ede kominote yo avèk pwosesis lokal ak eta pou bay pèmi yo. Anplwaye yo dwe gen konpetans anviwònman ak konpetans teknik pou asire pwòjè yo avanse a vitès, toutpandan yo respekte rekiz pou plasman apwopriye yo.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa dakò	Pou mwen menm, sa sanble ak divizyon H3215 lan pwopoze, ki ta fè l yon divizyon separe ki pa anba DOER, piske sa pa fè nouvo divizyon an endepandan.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Li sanble bon. Mwen ta avèti yo pran prekosyon pou yo limite efò y ap fè pou anpeche moun ki enterese yo fè apèl oubyen patisipe nan pwosesis sa a. Pwoblèm n ap abòde yo gen rapò dirèk ak fason pwosesis la twò konplike e difisil pou itilize – nou pa vle kontinye gen menm pwoblèm sa yo.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	Divizyon sa a dwe gen kapasite pou l bay gouvènman minisipal yo sipò finansye pou yo ka konfòm a pwosesis pèmi lokal konsolide yo esplike pi wo a.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.4.c. Standa Eta yo pou Evalyasyon Lokal

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	

Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Dakò angwo ak rekòmandasyon an; sepandan, fòk standa plasman yo mache ann amoni ak règ Eta a, sant wete Chapti 40A, s.3, ki limite otorite zonaj lokal pou yo pa gen otorite sou zonaj sant enèji solè ak sant stokaj yo; anplis de sa, detay fen ki gen rapò ak egzijans anvan aplikasyon an depoze (tankou kantite tan yon reyinyon dwe dire) ki enkli nan rekòmandasyon sa a pa dwe fè pati lejislasyon ki otorize DOER pibliye règ yo; pakont, yo dwe deside tout detay sa yo pa mwayen pwosesis tabli règ la apre tout moun gentan jwenn opòtinite pou yo bay pwennvi yo, e yo pa dwe tabli règ sa yo anvan sa; epitou, yo dwe chanje fraz di di “evite, minimize ak redui enpak yo” nan lejislasyon an pou li pi byen suiv pawòl ki nan MEPA 11.01(4)(c).1 ki di: “...pwoblèm Seksyon 61 Twouve ki presize, sou baz EIR, tout mwayen ki posib pou evite Domaje Anviwònman an, oubyen, nan ka kote li pa posib pou yo evite Domaje Anviwònman an, pou minimize e redui Domaj Anviwònman an nan maksimòm degre ki pratik...”; e finalman, yo pa dwe konsidere 18 mwa kòm yon objektif, men kòm yon dat bilan.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	Anplis de sa, pandan y ap fè sa, yo dwe asire yo pa elaji pouvwa jiridiksyonèl pase sa ki egziste deja yo selon revizyon dover ak règ sou marikaj yo.
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a dakò ak Standa Eta pou Evalyasyon Lokal. Nou ta renmen wè Depatman Lapèch ak Lachas e Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon an mansyone pami lis ajans ki esansyèl nan devlopman règ ak enstriksyon yo. Nou ta renmen wè yo ranfòse seksyon sou plasman apwopriye yo: Ranplase mo “Fason pou” ak mo “Aplike.” Nou ta renmen wè seksyon sa a mache ak lòt rekòmandasyon Komite yo fè sou bezwen ki gen pou sipò teknik ak finansye nan nivo eta pou kominote ki mal sèvi e ki pa gen kapasite (tankou Divizyon Plasman ak Otorizasyon DOER).
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa dakò	Asosyasyon Minisipal Massachusetts la dakò pou yo devlope standa sante ak sekirite san patipri pou abòde youn nan pi gwo difikilte ki gen nan pwosesis lokal la: konfizyon ak laperèz konsènan enpak sou sante ak sekirite. MMA a pa dakò ak pwosesis ak apwòch ki site nan rekòmandasyon sa a, kote yo egzije gouvènman minisipal yo patisipe nan yon pwosesis konsa, lè li ta lontan pi preferab pou gen yon opsyon lokal.
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Mass Audubon nan dakò an jeneral ak yon pwosesis standadize ki pi senp pou bay pèmi lokal a pwojè enèji pwòp yo. Dwe sitou gen yon pwosesis standadize pou pwojè solè sou do kay ak kanopi solè sou teren pakin yo pou fè pwosesis otorizasyon an pran mwens tan. Sepandan, nou vrèman sijere pou vil ak gouvènman minisipal yo – sitou sa ki deja gen enfrastrikti enèji pwòp ladan yo – jwenn sifizan sipò pou yo kapab byen evalye enpak pwojè yo. Li esansyèl pou note ke enpak pwojè yo pa depann sèlman de gwosè oswa kapasite pwojè yo, men tou fòk nou konsidere kote yo sitiye, byenfè ki genyen (oubyen mank byenfè) pou kominote a, ak lòt faktè toujou. Nou vrèman kontan wè yo te ajoute demann nou te fè pou yo deside kiyès k ap responsab fè moun respekte enstriksyon yo nan rekòmandasyon sa yo. Finalman, nou vrèman rekòmande pou Depatman Lapèch ak Lachas la fè pati gwoup moun k ap bay DOER konsèy konsènan standa eta yo pral tabli pou evalyasyon lokal yo.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	MACC a dakò ak konsèp ki gen nan seksyon sa a, men fòk gen plis detay ak diskisyon. Nou kontan wè yo mansyone enstriksyon sou plasman apwopriye sit yo, ak yon fraz ki pale sou kiyès ki responsab ak fason y ap fè moun respekte enstriksyon yo. Men, nou gen kèk enkyetid konsènan standa komen pou yon sèl pèmi ki konsolide tout otorizasyon lokal yo paske tout sitiyaasyon pa menm. N ap kontan kontinye travay ak EEA, MMA, ak lòt moun pou asire yo abòde enkyetid gwoup lokal yo genyen pandan evalyasyon standa eta ak standa lokal ki fèt alavni yo. Fòk nou rekonèt gouvènman minisipal yo bezwen sipò finansye ak sipò teknik nan men eta a.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Standa angajman piblik ak standa plasman apwopriye yo dwe mache ann amoni ak pwosesis EFSB yo pou kenbe ti egalite ki egziste kounye a.

Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Enstriksyon sou plasman apwopriye yo dwe teni kont de enpak jistis anviwònman yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	Yo dwe konsidere kòman yo ka ajoute pawòl nan lejislasyon an pou redui kantite tan sa ap pral pou pibliye règ yo, pou l pran pi piti pase 18 mwa y ap pwopoze kounye a.
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Sanble li bon, men nou dwe asire pwosesis angajman piblik ak evalyasyon plasman apwopriye yo mache ann amoni ak pwosesis EFSB yo pou asire pa gen inegalite.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	Standa eta sa yo pou evalyasyon lokal yo dwe tou gen ladan yo enstriksyon an rapò ak limit minimòm pou angajman kominote pwofitab, ak enstriksyon sou kòman pou kreye akò benefis kominote yo, ki dwe enkli yon pati ki pale sou travayè yo.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.4.d. Pwosesis Pèmi Lokal Revize a

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò ak pwosesis la an jeneral, akondisyon yo suiv kòmantè nou yo nan A.3.g, e yo fè plis rekòmandasyon pou senplifye pwosesis fè apèl la pou gen yon apèl dirèk devan tout manm SJC yo.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Rekòmanasyon sa a se yon apwòch rezonab pou amelyore pwosesis pèmi lokal ki pa mache byen, ki pran anpil tan, e ki fini nan plizyè apèl. Tout komite lokal yo ap toujou gendwa analize pwojè a selon konesans, règ ak lwa lokal yo, epi kreye yon sèl pèmi ki gen ladan l tout kondisyon apwopriye pou konstriksyon ak operasyon pwojè a, oubyen refize swa yon pati nan aplikasyon an swa tout aplikasyon an nèt. Komite Plasman an te toujou gen kapasite pou l balanse enterè eta ak enterè lokal yo pou asire gen kont enèji, e l ap toujou kapab fè sa anba rekòmandasyon sa a. Yo dwe konsidere peryòd 18 mwa pou pibliye règ yo kòm yon dat bilan, pa kòm yon objektif. Peryòd 12 mwa yo bay pou reponn a yon aplikasyon pèmi lokal konsolide pi long pase sa kèk pwosesis pèmi lokal yo ap pran kounye a; apwobasyon otomatik pou kòmansè konstriksyon pa dwe fèt souvan lè w konsidere peryòd tan pwolonje ki genyen; dwa pou depoze yon apèl dwe limite a moun ki "afekte anpil yon fason presi" (c.30A § 10) de rezilta pwosesis la, pa nenpòt "lòt moun ki gen anpil enterè."
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Pa vle vote	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	Yo dwe asire yo byen kowòdone aplikasyon otorizasyon marikaj yo an patikilye, ki tonbe ni anba jirisdiksyon eta ni anba jirisdiksyon lokal; se gouvènman lokal ki remèt pèmi selon enstriksyon eta yo, men eta a gendwa analize aplikasyon an e pran kontwòl l, yon aksyon ki pi konfonn kesyon ki sa apwobasyon "eta" ak apwobasyon "lokal" vle di.
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a ta dakò sipòte yon pwosesis pèmi eta konsolide avèk krite ak chanjman ki vin apre yo. Sitou, anba pwosesis pèmi eta konsolide a,

		<p>dwe gen yon opòtinite pou lòt ajans eta yo ki founi rekòmandasyon sou kondisyon otorizasyon yo pou yo fè pati premye pas desizyon final la. Yo dwe mansyone bezwen ki egziste pou manm komite lokal ki jwe yon wòl nan pwosesis sa a gen eksperyans ak konesans nan domèn divèsite biyolojik, tè natirèl ak tè travay, rezistans, jistis anviwònman, ak angajman kominote. Lè manm yo pa gen eksperyans nan domèn sa yo, yo kapab mande sipò e jwenn li nan men DOER, oswa nan men reprezantan li, tankou yon ajans planifikasyon rejyonal, oubyen yon konsiltan ki gen eksperyans nan domèn plasman ak otorizasyon enfrastrikti sant enèji yo ak planifikasyon izaj tè. Yo bezwen entegre egzijans pou angajman kominote a nan pwosesis anvan aplikasyon an depoze avèk plasman apwopriye ki mansyone nan règ ak enstriksyon devlope yo (pi wo). Nou vrèman ankouraje yo ranfòse egzijans yo pou evite, minimize, ak redui enpak ki gen ni sou moun ni sou lanati. Chanje Seksyon G, pwèn (d), ki di "mezi ak aksyon yo dwe pran pou limite enpak sou ni moun ni lanati" pou l di "mezi ak aksyon yo dwe pran pou evite, minimize, ak redui enpak ki gen ni sou moun ni sou lanati". Nou panse dwe gen yon "vann sekirite" ki pwolonje peryòd tan an lè gen pwoblèm sanzatann ki fè pwosesis pèmi a pran plis tan, pwoblèm ki pa fòt ajans eta oswa gouvènman minisipal yo. Lè gen plizyè pwojè ki pwopoze nan yon sèl kominote, anmenmtan oswa atravè yon peryòd tan, dwe gen yon evalyasyon sou enpak total la e yo dwe aplike yèrachyèl mitigasyon ki gen rapò ak enpak total yo.</p>
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa dakò	MMA a detèmine pou l travay an ekip pou atenn objektif klima Eta a. Nou vrèman opoze ak manda pou gen yon pwosesis pèmi lokal konsolide an rapò ak plasman ak devlopman sant enèji pwòp yo. Nou kwè li ta pi pwofitab si ta genyen yon pwogram opsyonèl, ki tou enkli rekonpans, k ap ede nou avanse pou n atenn objektif klima nou yo, toutpandan nou bay DOER posibilite pou l travay toutbonvre ak gouvènman lokal yo.
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Nou dakò nèt ak pwosesis pèmi lokal konsolide a, avèk kondisyon kolèg TNC nou yo mansyone pi wo. Kòmantè nou te fè pi wo a ki pale sou izaj yon sèl Jistis SJC a aplikab isi a tou.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Dwe defini tèm "anpil enterè" an plis detay pou n ka defann li yon fason legal. Mwen kwè yon peryòd tan ki dire 18 mwa pou tabli règ ak enstriksyon yo pa koresponn ak ijans ki gen kounye a. Mwen rekòmande pou yo redui peryòd tan sa a a 12 mwa.
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	MACC a dakò ak objektif yo, men nou pa dakò nèt ak seksyon sa a. Anba pwosesis pèmi eta konsolide a, dwe gen yon opòtinite pou lòt ajans eta yo ki founi rekòmandasyon sou kondisyon otorizasyon yo pou yo fè pati premye pas desizyon final la. Yo bezwen entegre egzijans pou angajman kominote a nan pwosesis anvan aplikasyon an depoze avèk règ ak plasman apwopriye ki mansyone nan règ ak enstriksyon devlope yo (nan lòt seksyon dokiman sa a). Lè gen plizyè pwojè ki pwopoze nan yon sèl kominote, anmenmtan oswa atravè yon peryòd tan, dwe gen yon evalyasyon sou enpak total la e yo dwe aplike yèrachyèl mitigasyon ki gen rapò ak enpak total yo. Jan nou te di sa deja, li poko klè kiyès k ap responsab konsolide pèmi lokal yo, kijan y ap fè moun respekte Lwa Reyinyon Ouvri yo; ki wòl enpak total yo pral jwe nan pwosesis la; kòman yo pral rekonpanse gouvènman minisipal yo pou travay ak tan anplis sa ap pran. A MACC a ankouraje yo konsidere pwopozisyon MMA a te fè pou pèmèt gouvènman lokal yo chwazi si yo vle patisipe nan pwosesis lokal la poutèt plizyè faktè.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvasyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Dakò, men pou nenpòt lejislasyon ki soti nan rekòmandasyon sa yo ta satisfè manda egalite Komite a, standa evalyasyon EFSB a dwe tou gen ladan l yon jijman ke etablisman yo pwopoze a pa t ap ajoute plis chay sou vwazinaj ki gen istwa pote plis fado yo.

Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	Yo dwe konsidere kòman yo ka ajoute pawòl nan lejislasyon an pou redui kantite tan sa ap pral pou pibliye règ yo, pou l pran pi piti pase 18 mwa y ap pwopoze kounye a.
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa vle vote	Yo dwe jere sa pandan yon peryòd tan ki pi kout pase 18 mwa, e yo dwe pase plis tan ak gouvènman minisipal yo.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Sanble bon.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.5 Chanjman nan Komite Plasman Sant Enèji yo ak A.5.a Manda Lejislatif EFSB a

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Pa dakò	
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa vle vote	
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	

Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Dakò
Metwopolitèn yo

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.5.b Konpozisyon Komite Plasman Sant Enèji yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò an jeneral ak sa yo pwopoze isi a, avèk kèk kondisyon. An premye, EFSB a dwe gen ladan l manm ki gen eksperyans nan domèn enèji ak jeni ki gen rapò ak CEI – pa egzanp, planifikasyon tranzmisyon oubyen jeni elektrik, olye de jeni sivil. Dezyèmman, nou vrèman ankouraje Komite a pou l rekòmande tout ajans yo, pa sèlman EFSB a, gen kont anplwaye pou pèmèt yo analize kantite aplikasyon pwòjè enfrastrikti enèji pwòp k ap vini yo, yon fason regilye e san tade.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa vle vote	Mwen te vote 'Pa vle vote' paske vòt sa a gen twòp pwen ladan l pou yon sèl repons. Yo dwe elaji manda EFSB a anba pwen (ii) pou l enkli "...travay, travayè, ak jistis anviwònman..." Yo dwe kenbe menm reprezantasyon EFSB a gen kounye a, avèk posibilite pou ajoute yon ti kantite manm ankò. Nan manm gwoup adisyonèl yo pwopoze, gen plizyè gwoup ki sanble. Mwen te kontwole 4-5 manm pwopoze ki gen eksperyans nan domèn enkyetid anviwònman yo. Mwen pa dakò pou gen wotasyon manm EFSB yo.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Si te gen ase anplwaye, sa ta ka ede tout moun ki enplike nan pwosesis la.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a apresye y ap ajoute lòt domèn eksperyans nan EFSB a, men nou ta renmen gen plis detay sou kiyès k ap founi eksperyans sa a. Konsèvatwa Lanati a santi li vrèman enpòtan pou nouvo konpozisyon EFSB a reflekte nouvo epòk devlopman enfrastrikti enèji a. N ap antre nan yon nouvo epòk pou devlopman ak konstriksyon enfrastrikti enèji pwòp ki pral mande plis teren. Jan sa te mansyone pi wo nan rekòmandasyon Komite yo: "Komite a te dekouvri gen anpil nan nouvo objektif, politik, ak plan Eta a tabli ki gen rapò ak klima a ki poko entegre nan politik plasman ak otorizasyon yo, tankou Tè Natirèl ak Tè Travay yo, dirabilite klima, divèsite byolojik, ak ekilib ak jistis anviwònman an. Gen kèk nan lòd ak règ yo ki pa ajou e ki pa kapab ede nou redui kabòn yon fason efikas e san patipri." Youn nan fason pou EFSB a reprezante objektif sa yo, se pou l ajoute Depatman Lapèch ak Lachas (ekspè divèsite biyolojik), Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon (ekspè nan tè natirèl ak tè travay yo) – e pou l kenbe Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (ekspè nan lè, dlo, ak kabòn ble). Yon lòt ide, si yo pa vle ajoute DFG ak DCR nan EFSB a, se pou gen yon sèl syèj pou 3 ajans anviwònman yo pataje, kote yo ta gen posibilite rele nenpòt nan yo ki gen eksperyans avèk enpak enfrastrikti y ap konsidere a.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Kanmenm, EFSB pral bezwen plis resous pou l akonpli nouvo responsabilite li yo anba pwosesis pèmi konsolide yo pwopoze isi a. Se menm bagay pou vil yo, ki pral gen anpil responsabilite ankò anba evalyasyon lokal yo pwopoze a. Mass Audubon nan rekòmande anpil pou yo elaji rechèch yo pral fè sou jesyon pwosesis la pou l tou enkli bezwen vil ki pral evalye majorite pwòjè pwodiksyon enèji yo (tankou enèji solè ak stokaj enèji) pral genyen nan domèn travay, resous, ak anplwaye, anba pwosesis pèmi lokal konsolide pwopoze a. Nou dakò pou yo tabli yon nouvo Biwo Angajman Kominote, men akondisyon sa pa retire nan anplwaye ak resous gouvènman lokal yo bezwen pou remèt pèmi lokal yo.

Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Byenke mwen dakò ak majorite A.6 la, mwen toujou gen kèk enkyetid konsènan pawòl ki di "EFSB a dwe... asire enfrastrikti a EVITE, minimize, ak redui enpak anviwònman nan MAKSIMÒM DEGRE KI PRATIK..." sa ka mennen nan refi otomatik pou pwojè enfrastrikti enèji pwòp ki bon apa de sa.
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	3-7 se yon gam ki dwòl. Nonsèlman se yon gam ki laj, men sèlman 3 moun pou reprezante tout lis ekspè yo bezwen se yon tètchaje. Yo pa pale ditou sou minimòm patisipasyon piblik. Mwen pa gen okenn rezon pou m panse yon komite ki soti nan rekòmandasyon sa a ta byen abòde pwoblèm Komite a idantfye yo.
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Dakò, men dwe gen plis detay an rapò ak patisipasyon manm piblik yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa dakò	Mwen pa panse Komite a dwe deside kiyès k ap fòme manm Komite yo. Epitou, mwen panse gen twòp manm, fòk se yon gwoup ki pi piti. Anplis de sa, yo pa dwe fè wotasyon sou komite a, jan nou te pale sou sa nan Komite a.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Biwo Angajman Kominote a se yon bon bagay. Nouvo standa a sanble bon, men li poko klè kòman y ap òganize priyorite tout aspè sa yo pandan y ap pran desizyon. E piske nou pa gen okenn garanti n ap jwenn reprezantasyon sou Komite a, nou pa santi egalite pral gen menm pwa ak lòt konsiderasyon yo. Sitou, si yo pa konsidere enpak total yo ditou.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	

Vòt ak kòmètè manm Komite yo sou A.5.c Anplwaye, Fon, ak Fre yo, e A.5.d. Biwo Angajman Kominote a

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò
Catherine Finneran, Eversource	Dakò
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò

Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvasyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò
John G Tziorangas, Energy New England	Pa dakò
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou A.6 Wòl MEPA Jwe nan Bay Pèmi

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò sèlman si yo kontinye travay ak Administrasyon ak lòt moun ki enplike yo sou amelyorasyon pwosesis otorizasyon pou pwojè ki pa tonbe anba jirisdiksyon EFSB.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Pa vle vote	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Ajoute MEPA nan pwosesis planifikasyon EFSB a, epi fè MEPA sèvi antanke swadizan "gadyen" an, se yon bagay ki mache kont objektif pou akselere devlopman enfrastruktir enèji pwòp yo. MEPA kapab bay sèvis konsiltasyon enfòmèl, e li kapab enfòme aplikan EFSB yo si gen nenpòt nouvo politik k ap devlope, antanke youn nan plizyè manm ajans eta yo k ap patisipe nan pwosesis evalyasyon EFSB konsolide a. Nou bezwen fini ak repetisyon non-nesesè ki egziste ant evalyasyon EFSB ak evalyasyon MEPA yo osito ke posib. Yo kapab entegre egzijans MEPA genyen konsènan angajman ak patisipasyon kominote yo nan egzijans EFSB genyen anvan aplikasyon an depoze, san yo pa oblije kontinye gen doub evalyasyon. Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo ta kontan kontinye travay avèk ni anplwaye EFSB ni anplwaye MEPA yo pou akonpli pwosesis entegrasyon sa a.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Pa vle vote	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a vrèman dakò pou MEPA jwe yon wòl. MEPA jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis anvan aplikasyon an depoze, kote evalyasyon MEPA ta sèvi kòm yon egzijans anvan aplikasyon EFSB a depoze. Anplis de sa, MEPA gen otorite pou l adapte l pou l konsidere e enkòpore pwoblèm k ap vini yo, tankou: ● Objektif lwa NextGen RoadMap la genyen pou Zewo Kabòn mande

		<p>pou gen izolasyon ak stokaj kabòn nan Tè Natirèl ak Tè Travay yo. Sa fè pati objektif, politik ak pwogram pwoteksyon, jesyon ak restorasyon tè yo ki nan Plan Enèji Pwòp ak Kliman yo (2025/30 ak 2050), Forè Kòm Solisyon Klima, Inisyatif Tè Rezistan yo, ak Plan Aksyon Sòl Ansante a. • Objektif Eta a konsènan pwoteksyon ak restorasyon divèsite biyolojik anba Lòd Egzekitif 618 administrasyon Healey-Driscoll, Konsèvasyon Divèsite Biyolojik Massachusetts la ak itilizasyon done sou abita animal yo ki soti nan BioMap pou defini objektif sa yo. • Objektif Eta a pou adaptasyon ak rezistans ki idantifye nan Evalyasyon Klima Massachusetts la, e ki rekòmande nan Plan Rezistans Mass, ak Zouti Kat Jeyografi pou Standa ak Desen Rezistans yo. • Lwa Jistis Anviwònman Eta a ki egzije yo konsidere enpak total ki gen sou rezidan yo ak sou popilasyon jistis anviwònman yo.</p>
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	<p>Mass Audubon nan rekòmande pou enplike MEPA nan nenpòt kesyon sou plasman apwopriye pandan pwosesis ki vini anvan aplikasyon an depoze. Byenke nou konprann li enpòtan pou n evite etap ki pa nesèsè yo pou fè pwosesis la mache pi vit; sepandan, menmjan nou te di pi wo a ke pèmi eta ak pèmi lokal yo dwe konsidere kritè an rapò ak plasman apwopriye yo kòm yon kondisyon pou remèt yon pèmi, nou dakò pou MEPA jwe yon wòl pandan pwosesis evalyasyon pèmi a.</p>
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Pa vle vote	<p>Mwen chwazi pa vote paske mwen panse yo dwe enköpore evalyasyon MEPA a nan pwosesis seleksyon EFSB a.</p>
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	<p>Nou dakò MEPA dwe jwe yon wòl. Nou ankouraje plis diskisyon sou sa.</p>
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	<p>Tout rekòmandasyon sa yo nan Seksyon A a reprezante rekòmandasyon ki pi fèb an rapò ak kòman pwosesis plasman ak otorizasyon enfrastrikti sant enèji pwòp yo kapab yon pwosesis ki jis. Mwen santi m ke komite a te tèlman konsantre l sou objektif pou redui kantite tan pwosesis plasman ak otorizasyon an pran, li bliye objektif ki gen menm enpòtans yo, anpalan de egalite ak angajman kominote. Amelyorasyon komite a pwopoze pi wo yo soti nan dezi yo te genyen pou fè mèt biznis, pa rezidan eta yo, plezi.</p>
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	<p>Mwen dakò nou pa t rive jwenn yon atant. Pou nenpòt plan amelyorasyon EFSB a mache, fòk anplwaye MEPA yo enplike, fòk gen yon evalyasyon anvan aplikasyon an depoze ki sanble ak evalyasyon MEPA a, e fòk yo itilize done G.L. c.30 seksyon 61 an sou angajman kominote.</p>
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Pa vle vote	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	<p>Fòk yo entegre pwosesis MEPA nan nouvo pwosesis la, e pa kite l trennen pwosesis anvan aplikasyon an depoze, yon bagay ki enkyete Komite a.</p>
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	<p>MEPA enpòtan e yo dwe entegre l yon fason ki pèmèt pwosesis la vin pi efikas, men, selon mwen menm, gen anpil risk pou moun ki jis vle retire pouwva MEPA a nèt pwofite sityasyon an nan non “enèji pwòp”. Mwen espere travay ki te fèt pou amelyore angajman ak kominote yo, ak travay ki pral fèt alavni pou defini evalyasyon enpak total yo, nan yon pwosesis MEPA, e ansuit, nan pwosesis EFSB a, pou n ka atenn objektif pou n redui repètisyon k ap fèt e akselere pwosesis la, san nou pa neglije bezwen kominote ak bezwen anviwònman yo.</p>
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou B. Plasman an

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò an jeneral ak analiz plasman apwopriye a nan seksyon sa a, avèk yon sèl revizyon: “Politik la dwe idantifye zòn ki preferab selon pwennvi plasman enfrastrikti pou [pwodiksyon] ak stokaj enèji renouvlab.” E nou mande yo sèvi ak langaj sa a nan Seksyon A.3.b.4 ak A.4.c.4 yo. Anplis de sa, nou rekòmande yo chanje tit seksyon sa a pou yon tit ki pi byen esplike sijè ladan l, pa egzanp, “Standa Plasman Apwopriye yo pou Pwodiksyon ak Stokaj Enèji Renouvlab”. Nan moman sa a, gen anpil moun nan endistri a konprann mo “plasman”, lè li poukont li, gen rapò ak EFSB.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Dakò	
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Dakò, depi yo rekonèt metòd kat jeyografi sa yo gen limit e yo pa presi, e yo kapab toujou plase e otorize enfrastrikti tranzmisyon ak distribisyon yo sou lòt sit ak/oswa sou yon lòt wout ki ta fè yo travèse tè ki, nòmman, ta preferab pou yo evite.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a vrèman dakò pou yo kreye yon politik pou plasman apwopriye. Lè pa gen lwa ak règ sou plasman ak otorizasyon ki pwoteje nouvo objektif, politik, ak plan ki gen rapò ak tè natirèl ak tè travay, divèsite biyolojik, rezistans, ak jistis anviwònman an, yon politik sou plasman apwopriye kapab efikas pou evalye e enflyanse plasman ak desen pwojè yo. Nou vrèman ankouraje politik plasman an pou l enkòpore yon apwòch total ki entegre plizyè eleman, jan yo te fè sa nan Strateji Pwoteje Tè pou Tout Eta a ki fè pati Plan Enèji Pwòp ak Klima 2050 lan. Epitou, yo ka sèvi ak politik plasman an pou jije ki aksyon nan yèrachyèl mitigasyon k ap ede yo evite, minimize, ak redui enpak ki gen ni sou moun ni sou lanati. Si yo sèvi ak politik plasman apwopriye pandan pwosesis anvan aplikasyon an depoze, sa kapab ede yo redui tan ak depans yo. Yon etid yo te fè nan Kalifòni montre pwojè ki chita sou tè ki gen plis valè nan domèn konsèvasyon pran plis tan pou konplete e yo pi chè. “Pandan dizan ki sot pase yo, Kalifòni te envesti nan plan teren aktif pou pwojè solè ki entegre enfòmasyon konsèvasyon ladan l e ki ankouraje yo devlope pwojè sa yo sou tè ki pa gen anpil valè nan domèn divèsite biyolojik. Nan 16 etid yo te fè, “Etid Limyè Vèt la endike lè yo plase pwojè itilite solè sou sit kote yo pap gen anpil enpak...sa te pran 2.5 fwa mwens tan pou apwouve pèmi yo. Pwojè ki sitiye sou tè ki pa gen anpil valè nan domèn divèsite biyolojik konn pran, an mwayen, 13 mwa depi yo anonse pwojè a pou yo resevwa yon pèmi. Pakont, pwojè enèji solè ki sitiye sou tè ki gen anpil valè nan domèn divèsite solè te pran 35 mwa pou yo resevwa otorizasyon.” Anplis, politik plasman apwopriye a ta dwe: koute moun ki rete nan zòn nan sou eksperyans pèsonèl yo pou asire yo enkli kondisyon lokal yo, e fè yon etid sou sit la pou aprann plis detay sou tè a. Kritè plasman apwopriye yo dwe fleksib pou pèmèt yo jere kondisyon ki parèt alavni. Epitou, dwe gen yon fason pou mezire plasman apwopriye yo, tankou itilize yon echèl nimerik pou bay nòt. Anplis de sa, nou chofe pou n wè pwosesis Biwo Egzekitif Afè Enèji ak Anviwònman an devlope pou kreye yon plan izaj tè total ki entegre plizyè eleman e ki kapab aplike prensip, tankou plasman apwopriye, atravè tout aspè devlopman ak konsèvasyon.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Pandan tout reyinyon Komite yo, Mass Audubon nan ap defann ide ke nou kapab bati resous enèji pwòp nou bezwen pou n atenn objektif zewo kabòn yo pi vit, e avèk mwens diskisyon ak opozisyon, si nou idantifye kritè ak zòn ki apworiye pou plasman sant enèji yo anvan moun kòmanse pwopoze pwojè presi yo. Apwòch sa a, ki rele “plasman aktif”, gentan ede yo kontsui resous

		enèji van sou lanmè ki enpòtan anpil, apre plis pase 10 an opozisyon devan premye pwojè yo te pwopoze yo. Nou dakò pou yo devlope kritè pou plasman apwopriye yo e nou kapab pataje opinyon pa nou sou ki tè nou panse ka pi byen soutni devlopman pwojè solè yo. Epitou, nou dakò pou kritè plasman fè pati pwosesis anvan aplikasyon an depoze. Anplis de sa, nou panse yo pa dwe remèt yon pèmi si pwojè a pa plase yon kote ki evite, minimize, e redui enpak yo lè plasman an gen yon enpak sou resous natirèl, kabòn ki nan tè, divèsite biyolojik, e li kreye pwoblèm pou kominote yo.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	Yo dwe pridan lè y ap kreye kritè pou plasman apwopriye yo, yon fason pou yo pa mete obstak devan pwojè ki byen devlope yo.
Dorothy McGlinchy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	MACC a vrèman dakò avèk egzijans pou asire gen plasman apwopriye – nou bezwen balanse pwoteksyon marikaj, espas ouvri, tè Atik 97, ak kabòn natirèl pandan n ap avanse nan plasman enfrastrikti sant enèji pwòp yo. Plasman apwopriye a dwe tou: koute moun ki rete nan zòn nan sou eksperyans pèsònèl yo pou asire yo enkli kondisyon lokal yo, e fè yon etid sou sit la pou aprann plis detay sou tè a. Kritè plasman apwopriye yo dwe fleksib pou pèmèt yo jere kondisyon ki parèt alavni. Epitou, dwe gen yon fason pou mezire plasman apwopriye yo, tankou itilize yon echèl nimerik pou bay nòt.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Yo pa kapab byen devlope pwosesis plasman apwopriye san yo pa konsidere Enpak Total ak Bezwen ki gen pou pwojè sa yo. Nou pa kapab kontinye egzaminen pwoblèm plasman yo youn pa youn, oswa poukont yo. Piti a piti enpak devlopman tout enfrastrikti sa yo vin lou, kit sa parèt nan izaj tè, enpak ekonomik, oubyen enpak sou sante piblik la.
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Sanble bon – kòm toujou – yo dwe defini tèm analiz enpak total e enkòpore definisyon an.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	Kritè pou plasman apwopriye yo ta dwe tou teni kont de objektif konstriksyon lojman Eta a genyen. Kritè yo dwe pran an konsiderasyon zòn rezidansyèl yo.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou C. Rekiz Anvan Aplikasyon an Depoze pou Sant Enèji ki Anba Jiridiksiyon EFSB yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	Rezo Nasyonal la dakò tabli rekiz pou anvan aplikasyon an depoze, men gen 2 bagay li pa dakò. An premye, pou pwen C.3, Rezo Nasyonal la pa dakò avèk rekiz pou li rankontre ofisye eli/nome yo oswa ak opozan yo, piske Rezo Nasyonal la pa gen okenn kontwòl sou si yon moun ap rankontre avè l, ak kilè l ap fè sa. Olye de sa, Komite a dwe rekòmande pou aplikan an demontre li te fè efò pou l rakontre ak moun ki enplike yo. Dezyèmman, lefetke yo kreye règ fen sou reyinyon piblik yo (kijan, pandan konbyen tan, kantite tan sesyon kesyon repons dwe dire), sa pa bay garanti pral gen patisipasyon ki itil. Olye de sa, Rezo Nasyonal la sijere Komite a egzije yon opsyon vityèl e li pèmèt patisipasyon an deside kantite tan reyinyon an dire ak ki sa k gen ladan l.
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	Pwen 5 dwe gen Konsèy Travayè Santral Zòn Lokal AFL-CIO enkli ladan l.
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Pa vle vote	Pa sètèn si gen posibilite pou sa kreye delè pou pwojè yo.

Catherine Finneran, Eversource	Dakò	Dakò pou yo angaje piblik la bonè e avèk rekiz pou gen angajman piblik anvan aplikasyon an depoze. Yo dwe fè yon reyinyon ak moun ki enplike yo pou pale plis sou detay rekiz ki genyen anvan aplikasyon an depoze. Yo dwe pale plis sou konsekans finansye yo tou.
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Pa dakò	Nou pa gen okenn pwoblèm ak nouvo rekiz pou kominite yo patisipe e bay pwennvi yo bonè nan pwosesis la, konsa ap gen tan pou fè chanjman k ap itil. Epitou, nou pa gen pwoblèm peye nenpòt depans ki nesèsè pou redui enpak anivwònman yo, san wete bri, enpak vizyèl, pousyè, blokis pandan konstriksyon an, ranplasman tè plas piblik, eksetera. Sepandan, li difisil pou wè kòman sa ap benefisye kliyan elektrisite yo, oubyen kòman l ap ede nou redui emisyon kabòn yo, si yo ajoute yon lòd, pandan moman kritik sa a, ki mande pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo peye kominote kote pwojè sa yo ap fèt, oswa endividyèl k ap viv ladan yo, yon sòm lajan ann echanj pou pèmi yo bezwen pou konstui pwojè a. Komite konplè a prèske pa t pale ditou sou kòman yo t ap administre peman sa yo oswa konbyen yo t ap koute. Epitou, se kliyan enèji solè, kliyan stokaj, oswa kliyan itilite yo ki pral pote chay peman sa yo, sa depann de tip sant enèji a. Pa gen okenn rezon pou panse mèt pwojè enèji pwòp yo pral jis absòbe peman sa yo, e li pa onèt pou fè moun panse y ap fè sa. Lavi chè se yon gwo pwoblèm nan Massachusetts; si yo oblije peye kominote kote pwojè sa yo ap fèt, oswa endividyèl k ap viv ladan yo, pou konstui sant enèji yo, sa pral fè lavi a pi chè, piske l ap monte pri tranzisyon a yon ekonomi san kabòn. Pou rezon sa yo, avèk respè, mwens pa dakò ak rekòmandasyon sa a. Gade pi ba a pou plis sijesyon sou pwosesis pou fè rechèch sou konsèp peman kominote yo anba D.2.e Akò Benefis Kominote yo.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Dakò	Konsèvatwa Lanati a vrèman dakò pou gen angajman kominote anvan aplikasyon an depoze. Dapre nou menm, si mèt pwojè yo angaje ak kominote yo bonè, sa ap pèmèt yo founi lòt chwa plasman ak desen pwojè ki pi bon yo. Lè gen plis angajman ak kominote a, sa bay plis opòtinite pou mèt pwojè yo tandè eksperyans manm kominote yo gentan pase e konsidere prensip konsiderasyon chak kominote genyen. Lè yo taye yon pwojè pou l mache ann amoni ak kominote a, sa fè pwosesis pèmi a dewoule pi fasil, ak mwens opozan e mwens apèl. Tan yo pase nan agajman ak kominote a pa yon tan pèdi, se yon investisman ki rann byen fè pi devan.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Nou dakò ak anpil nan rekiz sa yo pou anvan aplikasyon an depoze, men tou nou vrèman rekòmande pou yo fè akò benefis kominote yo yon egzijans, pa yon sijesyon. Aprezan, gen anpil kominote kote yo te konstui enfrastrikti enèji pwòp yo ki pa jwenn okenn benefis ladan yo. Pa egzanp, yo pa jwenn benefis kominote solè nan bòdwo elektrik yo. Pou jwenn sipò piblik kote yo vle konstui pwojè sa yo, li nesèsè pou egzije pwojè yo bay benefis a kominote yo.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Dakò	MACC a dakò ak egzijans angajman kominote anvan aplikasyon an depoze. Dapre nou menm, si mèt pwojè yo angaje ak kominote yo bonè, sa ap pèmèt yo founi lòt chwa plasman ak desen pwojè ki pi bon yo. Imaj ki montre etap "pou antre" ak "pou soti" pwosesis anvan aplikasyon an depoze ak pwosesis pèmi a pral ede ni piblik la ni aplikan yo konprann pwosesis sa. Yo dwe enkli kantite tan chak etap dwe pran nan imaj la.
Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Li pral enpòtan anpil pou OEJE pran devan nan devlope standa yo pou asire nouvo pwosesis la pi bon pase sa ki genyen kounye a. Leve pou Jistis Sosyal la pa kwè òganizasyon ki kontwòle sèvis esansyèl yo pou yo fè lajan gen kapasite pou yo aji ak senserite "san enterè".
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèkansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	

Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Sa se yon apwòch rezonab pou anvan aplikasyon an depoze, lè li fè pati yon plan ki tou enkli standa evalyasyon EFSB yo, jan mwen te note nan kòmantè m te fè anvan.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Pa vle vote	Byenke mwen dakò ak anpil pwen ki site pi wo yo, mwen toujou pa sètèn sou kantite tan ak longè pwosesis la, e nou te vle konnen ki enpak l ap gen sou pwogram tan an.
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Mwen kontan wè tout sa. Mwen swete yo kapab standadize pwosesis sa a atravè tout ajans yo pou yo ka aplike standa pi bon pratik yo (BMP) – petèt Biwo Jistis Anviwònman ak Egalite kapab pran latèt nan sa. An rapò ak CBA yo mansyone nan pwen 5 lan – mwen panse li ta pi bon pou n retire sa pou kounye a, piske CBA yo se yon gwo tètchaje ki mande anpil diskisyon, e nou gen anpil enkyetid pou pwojè k ap fè pati ka tarif yo pa enkli nan afè CBA oswa akò kominote yo.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Dakò	Nan seksyon 5 lan, mwen ta renmen ajoute gwoup travayè yo sou lis gwoup y ap konsidere pou yon komite konsèy. Epitou, mwen panse Akò Benefis Komite yo dwe konsidere travay, travayè, ak opòtinite fòmasyon pwojè a bay kòm benefis.

Vòt ak kòmantè manm Komite yo sou D.1 Amelyorasyon Lejislatif yo

D.1.a. Ekstansyon sou Pèmi yo

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Pa vle vote	Pa kapab soutni lejislasyon san li pa pase nan pwosesis Diskisyon entèn anvan
Catherine Finneran, Eversource	Dakò	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo rekòmande sa. Yo pa dwe tèmine apwobasyon pwojè enèji pwòp ki deja gen tout pèmi yo sèlman paske y ap tann otorizasyon koneksyon. Sa se yon rekòmandasyon ki piti anpil, men ki ta ede nou yon fason inestimab pou atenn limit 2030 yo.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Pa vle vote	Konsèvatwa Lanati a pa gen kont enfòmasyon pou l pran yon desizyon enfòm sou fason rekòmandasyon sa a ta ede n atenn objektif Lòd Egzekitif la, ki se akselere pwosesis plasman ak otorizasyon an yon fason egal.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Dakò	Pwen sa byen klè e nou dakò avè l.
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	MACC a pa gen kont enfòmasyon pou li fè yon desizyon enfòm sou seksyon sa a.

Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Dakò	Sa se yon solisyon rezonab pou pwoblèm delè koneksyon ki soti nan itilite yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Pandan tan mwen te pase sou Komite a (CEISP), mwen pa panse yo te pale anpil sou delè ki gen rapò ak apwobasyon koneksyon yo. Sanble delè sa yo dire menm kantite tan ak delè pèmi yo, men san pa gen yon anplwaye eta ou ka rele sou li.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Pa vle vote	

D.1.b. Amelyorasyon sou Pwosesis Fè Apèl la

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
JD Chesloff, Konferans Biznis Mass	Pa vle vote	
Catherine Finneran, Eversource	Pa vle vote	
Mary Beth Gentleman, Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo	Dakò	Gwoup Konsèy pou Pwofesyonèl Sit yo rekòmande sa. Si yo mete pwosesis pèmi konsolide Komite a rekòmande sou pye e yo pibliye règ sou sa, sa pral redui delè ak depans ki genyen an rapò ak defann pwojè devan plizyè apèl. Sepandan, menmsi sa ta fèt, pap gen chanjman konkrèt jiska 2026. Amelyorasyon paralèl sa yo ki gen rapò ak Tribinal Tè a ta pèmèt gen kèk amelyorasyon nan pwosesis apèl la antrètan. Sa kapab ogmante posibilite konkrèt Eta a genyen pou atenn limit 2030 li yo.
Carrie Hitt, Vineyard Offshore	Dakò	
Nathan W. L'Etoile, Fondasyon Tè Agrikòl Ameriken	Dakò	
Steve Long, Konsèvatwa Lanati	Pa vle vote	Konsèvatwa Lanati a pa gen kont enfòmasyon pou l pran yon desizyon enfòm sou fason rekòmandasyon sa a ta ede n atenn objektif Lòd Egzekitif la, ki se akselere pwosesis plasman ak otorizasyon an yon fason egal.
John Mangiaratti, Asosyasyon Minisipal Massachusetts	Pa dakò	
Michelle Manion, Mass Audubon	Pa vle vote	Pa t gen kont diskisyon
Jeremy McDiarmid, Advanced Energy United	Dakò	
Dorothy McGlincy, Asosyasyon Komite Konsèvasyon Massachusetts yo	Pa vle vote	MACC a pa gen kont enfòmasyon pou fè yon desizyon enfòm sou seksyon sa a.

Rusty Polsgrove, Leve pou Jistis Sosyal	Pa vle vote	Li pa apwopriye pou Komite Plasman an rekòmande pwen sa anplis amelyorasyon ki site pi wo yo.
Jessica Robertson, New Leaf Energy	Dakò	
Eve Rodriguez, Gwoup Entèvansyon pou Rezidan Lawrence Pa'lante yo	Pa vote	
Eddie Rosa, Groundwork Lawrence	Pa vote	
Caitlin Peale Sloan, Fondasyon pou Lwa Konsèvasyon an	Pa dakò	Li pa apwopriye pou Komite Plasman an rekòmande pwen sa anplis amelyorasyon ki site pi wo yo.
Mark Sylvia, BlueWave Solar	Dakò	
Matthew Teague, Asosyasyon Konstriksyon ak Renovasyon Kay Massachusetts yo	Dakò	
John G Tzimirangas, Energy New England	Dakò	
John Walkey, GreenRoots, Inc.	Pa vle vote	Mwen pa santi m gen ase enfòmasyon sou fason tribinal tè a enplike nan sa a ak ki enpak ki ta genyen sou manm kominote yo ki vle fè apèl sou desizyon defavorab yo.
Lizzi Weyant, Komite pou Planifikasyon Zòn Metwopolitèn yo	Pa vle vote	

D.1.c. Eljibilite Stokaj Enèji pou Sètifika EFSB

Alexandra Blackmore, Rezo Nasyonal	Dakò	
Francis Callahan, Sendika Travayè Konstriksyon Massachusetts yo	Dakò	
